**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**ÁJINIYAZ ATÍNDAǴÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ**

**MAGISTRATURA BÓLIMI**

**5A110601 - social-gumanitar pánlerdi oqítíw metodikasí (tariyx) qanigeliginiń pitkeriwshisı 2-kurs magistrantı**
**Ametov Satbay Dautbaevichtiń**

Magistr akademiyalıq dárejesın alıw ushın jazılǵan

# DISSERTACIYASI

**TEMA:** «ǴÁREZSIZLIK JÍLLARÍNDA QARAQALPAQSTAN TARIYXÍNÍŃ ÚYRENILIWI HÁM ONÍŃ ULÍ WMA BILIM BERIW MEKTEPLERINDE OQÍTÍLÍWÍ»

MAK da jaqlawǵa ruxsat

| | |
|---|---|
| Magistratura bólimi baslıǵı: | p.i.k., doc. M.Allambergenova |
| Magistrant: | S.Ametov |
| Ilimiy basshı: | t.i.k., doc.T.Kudiyarova |
| Kafedra baslıǵı: | t.i.k. A.Saribaev |

**Kafedra májilisiniń 2019-jıl______________sánesindegi**
**№___protokolı menen qorǵawǵa ruxsat berildi**

**Nókis-2019**

**Mazmunı**

**Kirisiw**

**I-Bap. ǴÁREZSIZLIK JILLARINDA QARAQALPAQSTAN TARIYXINIŃ ÚYRENILIWI**

1.1. Ǵárezsizlik dáwiri Qaraqalpaqstan tariyxınıń úyreniliwi: jańasha qaraslar hám ilimiy koncepciyalar.

1.2. Ǵárezsizlik jılları Qaraqalpaqstan tariyxı iliminiń tariyxnaması.

1.3. Qaraqalpaqstan tariyxı pániniń ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde úyreniwdiń ayırım máseleleri.

**II-Bap. ULIWMA ORTA BILIM BERIW MEKTEPLERINDE QARAQALPAQSTAN TARIYXIN OQITIW BOYINSHA JAŃA TALAPLAR:**

2.1. Mámleketlik tálim standartları hám olarǵa qoyılǵan jańa talaplar.

2.2. Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde tariyx pánlerin oqıtıwda kompetencıyalıq jantasıw hám onıń áhmiyeti

2.3. Tariyxıy waqıyalıqtı túsiniw hám onı logikalıq izbe-izlikte túsindire alıw kompetenciyası

2.4. Tariyxıy derek hám ádebiyatlar menen islesiw kompetensiyası.

**III-Bap. QARAQALPAQSTAN TARIYXÍN ULÍWMA BILIM BERIW MEKTEPLERINDE OQÍTÍWDÍŃ ZAMANAGÓY USÍLLARÍ**

3.1. Qaraqalpaqstan tariyxı pánin oqıtıwda aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyalardı qollanıw metodikası.

3.2. Mektep tariyx sabaqların oqıtıw procesinde informatsiyalıq texnologiyalardı paydalanıw.

3.3. Qaraqalpaqstan tariyxın oqıtıwda «İnteraktiv» metodlardan paydalanıwdıń áhmiyeti hám olar boyınsha úlgi sabaq islenbeleri.

**Juwmaqlaw**

**Paydalanǵan ádebiyatlar dizimi**

## KIRISIW

Mámleketimiz ǵárezsizlikke eriskennen keyin barlıq tarawlarda reformalar ámelge asırıldı. Tiykarınan bilimlendiriw mámlekettiń búginin hám jámiyettiń keleshektegi rawajlanıwın táminlewshi kategoriya bolıp esaplanadı. Al maman qániygelerdi tayarlaw wazıypası bolsa tikkeley-joqarı oqıw orınlarınıń bilimlendiriw sisteması menen baylanıslı. Usı talap hám wazıypalardan kelip shıqqan halda 2015-jıldıń 12-iyundegi[1], 2017-jıl 20-apreldegi[2], 2017-jıl 27-iyuldaǵı[3], 2017-jılı 18-iyuldaǵı[4] qararları, sonday-aq mámleketimiz Prezidentiniń Oliy Májliske Múrájatleri, 2017-jılı 7-fevraldaǵı[5] Pármanı ayırıqsha ahmiyetke iye bolıp esaplanadı. Bul reformalardan tiykarǵı maqset, elimizde salamat hám kámil, bilimli joqarı mánawiy- ádep ikramlı paziyletlerge iye bolǵan áwladtı qáliplestiriwden ibarat.

2017-jıl aprel ayındaǵı «Joqarı Bilimlendiriw sistemasın bunnan bılay da rawajlandırıw ilajları haqqında» Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoevtıń «Joqarı bilimlendiriw sistemasın túp-tiykarınan jetilistiriw, elimizdi sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlandırıwdıń tiykarǵı wazıypalarınan kelip shıqqan halda, kadrlar tayarlawdıń mazmunın túpkilikli qayta kóriw, xalıqaralıq standartlar dárejesine say joqarı maǵlıwmatlı qánigeler tayarlaw ushın zárúr sharayatlar jaratılıwın támiynlew maqsetinde» gi Qararı[6] turmısımızdaǵı tásir

---

[1] “Joqarı oqıw orınlarınıń basshı hám pedagog kadrların qayta tayyarlaw hám bilimin jetilistiriw sistemasın jánede rawajlandırıw ilajları haqqında”ǵı 4732-sanlı Qararı.

[2] “Joqarı bilimlendiriw sistemasın jánede rawajlandırıw is ilajları haqqında” ǵı 2909-sanlı Qararı,

[3] “Joqarı maǵlıwmatlı qánigelerdi tayarlawdıń sapasın arttırıwda ekonomika salaları menen tarmaqlarınıń qatnasın bunnan bılay da keńeytiw ilajları haqqında”ǵı Qararı

[4] Ózbekstan Respublikası Ministrler Keńesiniń “Ózbekstan Respublikasi Ministrler Keńesi janındaǵı tálim sapasın qadaǵalaw mámleket inspeksiyası jumısın shólkemlestiriw haqqında”ǵı 515-sanlı Qararı

[5] “2017-2021-jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń tiykarǵı bes baǵdarı boyınsha háreketler strategiyası” boyınsha 4947-sanlı Pármanı

[6] Erkin Qaraqalpaqstan 22-aprel 2017-jıl N51 (19981).

etiwshi tiykarǵı taraw qatarında tálim-tárbiya dizimini túpten ózgeris wazıypaları hám joqarı taraw sıpatında kórip shıǵılǵanlıǵı biykar emes.

Ózbekstannıń keleshegi, onıń rawajlanıwı, birinshi náwbette jaslar tárbiyasına, olardı salamat etip ósiriwde, milliy ideya, milliy aǵartıwshılıq hám óz watanına sadıqlıq ruwxında tárbiyalawǵa baylanıslı bolıp, bul quramalı procesti tabıslı ámelge asırıw tariyx pániniń eń basli baǵdarlarınıń biri bolıp esaplanadı. Xalıqımizdıń miynetsúyiwshilik, patriotlıq, doslıq sıyaqlı dástúrleri, iman, insap, mexir-aqıbet, ar-namıs, watanǵa hámde xalıqqa sadıqlılıq sıyaqlı joqarı páziletlerdi tereń úyrenıwshı, olardı asırap-abaylap, jaslar qálbine, qan-qanına sińdiriw, ózin ańlawǵa kómeklesiwi, respublikamız ǵárezsizligi ushın xızmet qılatuǵın áwladtı jetistırıw tariyx pánine hám tariyxtı oqıtıwshılarǵa qoyılǵan tiykarǵı talaplar bolıp tabıladı.

**Magistrlik dissertaciya temasınıń aktuallıǵı**: Usı orında ullı oyshıl, aǵartıwshı babamız Abdurauf Fitrattıń “Turma-júgir, tınba-tırıs, iyilme-kóteril, irkilme-kiris, qorıqpa-intil, otırma-qozǵal” dep aytip ótken pikirleri de búgungi kún ushın júda áhmiyetli ekenligin kórsetedi[7].

Sebebi Ózbekstan Respublikası «Bilimlendiriw haqqında»ǵı Nızamı hám «Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlaması»n ámelge asırıw barısında gózlengen joqarı sapa kórsetkishlerine erisiw ushın tálim-tárbiya islerin shólkemlestiriw hám ámelge asırıwdıń nátiyjeli forma hám usılların ámeliyatqa keń engiziw talap etiledi. Bunıń ushın joqarı bilimli, professional qánigeler tayarlaw, olardan nátiyjeli paydalanıw, ilimiy-teoriyalıq, pedagogikalıq hám innovaciyalıq texnologiyalardı islep shıǵıw zárúr boladı. Solay eken, tálim-tárbiyanıń sapası hám nátiyjeliligi talaba-talabanıń oqıw mazmunın ózlestiriwge baǵdarlanǵan óz

[7] Abdurauf Fitrat. Tanlangan asarlar. –T.: Ma’naviyat, 2000. 41-bet.

betinshe izleniw menen shuǵıllana alıwı, erkin pikirley alıwı hám oylaw xızmeti menen baylanıslı.

Óz tariyxın bilgen, onnan ruwhıy kúsh alatuǵın xalıqtı jeńiw múmkin emes eken, biz haqıyqıy tariyxımızdı tiklewimiz, xalqımızdı, milletimizdi áne sol tariyx penen qurallandırıwımız kerek. Tariyx penen qurallandırıw, jáne bir ret qurallandırıwımız zárúr. Bul biybaha pikirler bizlerdiń «Ǵárezsizlik jıllarında Qaraqalpaqstan tariyxınıń úyreniliwi hám onıń ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıtılıwı» atamasındaǵı Magistirlik temasın jazıwǵa túrtki boldı.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoevtıń «Jaslarımızdı ǵarezsiz pikirleytuǵın jetik intelektual hám joqarı manawiyatlı, dúniya júzlik kólemde óz teńleslerinen kem bolmaǵan insanlar bolıp kamalǵa keliwi, baxtlı bolıwı ushın mámleketimiz hám jámiyetimiz bar kúsh hám imkaniyatlarınan tolıq paydalanamız»[8]-dep belgilep ótkenindey, biz tariyxshı oqıtıwshılar birinshilerden bolıp bul wazıypanı ámelge asırıwımı kerek. Sebebi jas áwladtı watan súyiwshilik, óz ana-jurtına sheksiz muhabbat ruwxında tárbiyalaw, tuwılǵan úlkemiz gózzallıǵına, babalar mártligine maqtanısh, ásirlik dástúrlerimizge húrmet sıyaqlı pazıyletlerdi qáliplestiriw, olarda milliy maqtanish sezimlerin oyatıw tariyx pánlerin oqıtıw arqalı sińdirilip barıladı.

İ.A.Karimov tariyx tálimi hám sabaǵı haqqında pikir júrgizip, «Tariyx tarawında miynet etip atırǵan alım, qánigelerge músájat qılmaqshıman: sizler milletimizdiń haqıyqıy tariyxın dóretip beriń, ol xalqımızǵa mánawiy kúsh-quwat baǵıshlasın, maqtanıshın oyatsın. ... óz tariyxın bilgen, onnan ruwxıy quwat alatuǵın xalıqtı jeńip bolmaydı. Biz haqıyqıy tariyxımızdı tiklewimiz, xalqımızdı, milletimizdi áne usı tariyx penen qurallandırıwımız zárúr»[9] dep kórsetedi.

---

[8] Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoyevtıń 2018-jıl Oliy Májiliske múrajatinen. Erkin Qaraqalpaqstan 2018-jıl 28-dekabr.

[9] Karimov I.A. Tarixiy xotirasiz kelajak yo'q. – Toshkent: Sharq, 1998. – B. 29; 24.

Tariyx pániniń jámiyettegi áhmiyeti haqqında kóplep pikirler bildirilgen. Ciceron: «tariyx - ómir tárbiyashısı» dep atağan bolsa, Leonardo do Vinchidiń pikirinshe «ótken dáwir hám dúńya mámleketleri ótmishin biliw – insan kórki hám onıń aqıl ónimidur». Rus tariyxshısı N.M.Karamzin bul boyınsha pikir júrgizip: «Tariyx xalıqlardıń muxaddes kitabı bolıp, olardıń ómiri hám xızmetleriniń aynası, ata-babalarınıń áwladlarğa qaldırğan ashılıwları hám ádep-ikramlıqlarınan kórinisler bolıp, házirgi dáwirdi túsindiriw hám keleshekke úlgi bolıp xızmet qılatuğın, toltıratuğın zárúrlik» dep jazğan edi. V.G.Belinskiy bolsa, «búgingi kúndi túsiniw hám keleshegimiz haqqında belgige iye bolıw ushın ótmishimizdi sorap-sorastırmağımız lazım»lığın jazadı[10]. Al bul pikirler bolsa biziń temamızdıń búgingi kúndegi aktuallığın kórsetip ótedi. Qaraqalpaqstanda tariyx iliminiń payda bolıwı, qáliplesiwi, jağdayları, ásirese ğárezsizliz jıllarda respublikamızda tariyx, arxeologiya, etnologiya salasında ilimiy izertlewlerdiń jańasha rawajlanıwı, ğárezsizlik sharapatı menen «tariyx» salasında kadrlar tayarlawdıń «fontan» sıyaqlı ósip-óniwi, kóteriliwi, olardıń miynetleriniń áhmiyetin kórsetiw, úgit-násiyatlaw bul jumıstan kózlegen maqsetimiz bolıp esaplanadı hám bul jumıstıń ilimiy áhmiyeti bolıp tabıladı.

**Izertlew temasınıń maqseti hám wazıypaları:** Ózbek xalqı hám mámleketshiligi tariyxın úyreniw ğárezsizlik jıllardağı tariyxtanıw hám derektanıw ilimindegi eń aktual máseleler ekenin kórsetedi. Qaraqalpaqstanda gumanitar (tariyx) pánleriniń payda bolıwı, qáliplesiwi hám rawajlanıw basqıshların tariyxtanıw kóz-qarastan izertlew tariyx ilimindegi eń zárúrli máselelerdiń biri bolıp tabıladı.

Ǵárezsizlik jıllarında Qaraqalpaqtan tariyxınıń rawajlanıwında jańa basqısh bolğanlığı, Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxınıń jazılıwı, milliy ğárezsizlik koncepciyası tiykarında jazılğan ilimiy kitaplar, doktorlıq ham kandidatlıq dissertatsiya jumısların úyreniw, olardı analizlew, olardı bahalaw hám ğárezsizlik dáwiri Qaraqalpaqstan

[10] Toshpo'latov T., G`afforov Ya. Tarix o`qitish metodikasi. – Toshkent, 2010. – B. 9.

tariyxı iliminiń tariyxnamasın dóretiw hám de Qaraqapaqstan tariyxınıń ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıtılıw jaǵdayın úyreniw hám bar bolǵan jetiskenlikler hám de mashqalalardı analizlew maqset etip qoyılǵan. Biz qoyılǵan maqsetlerdi orınlaw ushın tómendegi wáziypalardı aldımızǵa júkledik:

- Ǵárezsizlik jıllarındaǵı Qaraqalpaqstan tariyxınıń rawajlanıwı, onıń jetiskenlikleri, ilimiy miynetler, doktorlıq hám kandidatlıq dissertatsiyalar, jańa inovaciyalıq ilimiy izertlewler hám olardıń nátiyjelerin úyreniw;
- Jańa dáwirimizdegi Qaraqalpaqstan tariyxınıń tariyxnaması;
- Ulıwma bilim beriw mekteplerinde MTS talaplarına hám tálimiy konpetenciyalarǵa say Qaraqalpaqstan tariyxı pániniń oqıtılıwı;
- Ulıwma bilim beriw mekteplerinde Qaraqalpaqstan tariyxı pánin oqıtıwdıń zamanaǵoy usıl hám texnologiyalarınıń jaratılıwı;
- Oqıwshilarǵa tariyxıy túsinikler, tariyxıy faktler hám tariyxiy bilimlerdi bay, ráń-báreń hám sistemalasqan túrde, jańa zamanagóy texnologiyalardan paydalanıw jolları menen jetkerip beriwdi jolǵa qoyıw;
- Jańa zamanagóy texnologiyalar hám metodikalar járdeminde jaslarımız sanasın tariyxiy bilimler menen bayıtıw, kónlikpe hám bilimlerdi qáliplestiriwi, ózlestirip alıwı, pikirlew dárejesin hám oy-órisin keńeytiw elede jetilistiriw hámde tereńlestiriw;

**Izertlewdiń xronologiyalıq dawiri:** Izertlew 1991-2018-jıllardı óz ishine aladı. Bul jıllar dawamında ámelge asırılǵan isler, Qaraqalpaqstan tariyxınıń rawajlanıwına úles qosqan pán doktor hám pán kanditatlarınıń ilimiy isleri hám jańa dóretpelerin analizlew. Sonday-aq mektep tálimi sisteması hám onda MTS lardaǵı jańa talaplardı úyreniwdi óz ishine aladı.

➢ **<u>Izertlewdıń teoriyalıq- metodologiyalıq tiykarları</u>**: Tariyx ilimindegi ilimiylik, halıslıq, tariyxıylıq, xronologiyalıq, izshillik, tariyx haqıyqatınıń ústinligi hám milliy ǵárezsizlik ideyası prıncipleri bakalavr pitkeriw qánigelik jumısınıń metodologiyalıq tiykari bolıp xizmet etedi.

**Jumıstıń izertleniw dárejesi**: Magistrlik dissertaciyasın jazıwda Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń tariyx iliminiń hám tariyxshılardıń aldına qoyǵan wazıypaları basshılıqqa alındı[11].

2003-jılı baspadan shıqqan «Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı. Qaraqalpaqstan XIX ásirdiń ekinshi yarımınan XXI ásirge shekem» fundamental miynetinen orınlı paydalanıldı. Qaraqalpaqstan tariyxshılarınan akademik S.K.Kamalov[12], prof. B.A.Qoshanov[13], R.Urazbaeva[14], YA.Abdullaeva[15], M.Saribaev[16] sıyaqlı tariyx ilimleri doktorlarınıń miynetlerinen paydalanıldı.

Sonday-aq, jumıstıń úshinshi babınıń jazılıwında jańa pedagogikalıq texnologiya metodları, olardı úyreniw, úyretiw boyınsha shıǵarılǵan bir qansha ilimiy kitaplardan da paydalanıldı, olardan toqtalıp ótetuǵın bolsaq alımlarımızdan, tariyxshı metodistler: A.Sádiev, SH.Sultonov[17], T.Toshpulatov, Ya.Gaffarov[18], G.S.Fuzailova[19], O.R.Rahmatullaeva, V.Bespalko va Yu.Tatur[20], N.Zayniddinova, p.f.d. Q.T.Olimov hám basqalardıń tálim quralları boyınsha jazılǵan ilimiy miynetler analiz etildi.

---

[11] 2017-2021 yillarda O'zbekiston Respublikasini rivojlantirishning beshta ustuvor yo'nalishi bo'yicha Harakatlar strategiyasi. O'zbekiston Respublikasi Prezidentining 2017 yil 7 fevraldagi 4947-sonli Farmoni

[12] Камалов С.К. Статус Республики Каракалпакстан в Конституции Республики Узбекистан // Вестник КО АН РУ. – Нукус, 1994. №1; Усы автор. Kamalov S.K. Qaraqalpaqlardıń xalıq bolıp qáliplesiwi hám onıń mámleketshiliginiń tariyxınan. Nókis, 2001

[13] Koshanov B.A. Qaraqalpaqstan tariyxnaması. Eń jańa dáwir. Nókis: Bilim,

[14] Уразбаева Р.Дж. История образования в Каракалпакстане (последняя четверть XIX – начало XXI вв.). – Ташкент: Yangi nashr, 2011.

[15] Abdullaeva Ya.A. Qoraqalpog'iston xotin-qizlari: Kecha va bugun. XIX asrning oxiri va XX asr. – Toshkent: Ijod dunyosi, 2004.

[16] Сарыбаев М.К. Из истории хлопководства Каракалпакстана в конце XIX – начале XX века. – Ташкент: Изд. Национальной библ. Узбекистана им. А.Навои, 2006; Усы автор. Политика хлопковой монокультуры советской власти в Каракалпакстане и ее последствия (1917 – 1990 гг.). – Ташкент:

[17] Sultonov Sh.D. Muammoli ma`ruzalar o`tkazish va muammoli ma`ruzani tayorlash (Uslubiy ko'rsatma). Fargona, 2003.

[18] Gaffarov Ya. «Tarix o'qitish metodikasi». Toshkent, 2012.

[19] Fuzailova G.S, Rahmatullaeva O.R Tariyx pánin kásiplik tarawlarǵa jóneltirip oqıtıw metodikası. Qollanba. T. TMPU, 2012. 140b.

[20] Беспалко.В, Татур.Ю. Системно-методическое обеспечение учебно-восбитателного подготовки специалистов. М 1989 -144.

**Izertlew obiekti hám predmeti:** Tariyx páni ham onıń zamanagóy usıllarda oqıtılıwı. Jańa pedagogikalıq texnologiyalar ham olardıń usıl ham qollanılıw jolları. Joqarı oqıw orınlarında gumanitar pánlerdi oqıtıw protsesslerınıń pedagogikalıq texnologiyalar túrlerınen paydalanılıp ótiliwi. Tariyxıy pánlerdi oqıtıwda jańa pedagogikalıq texnologiyalardı paydalanıw metodları, Interaktiv usıllar menen tariyx pánlerın ótiwdi jobalastırıw hám de tariyx pánlerın oqıtıwda jańa pedagogikalıq texnologiyalardı paydalanıwdıń áhmiyeti hám onıń nátiyjeliligin úyreniw izertlew temasınıń úyreniliw obiekti hám predmeti boladı.

**Jumıstıń teoriyalıq hám praktikalıq áhmiyeti**: Bul Magistrlik dissertacıyasınıń teoriyalıq áhmiyeti sonnan ibarat, tariyx pánlerinen sabaqlar ótkende, ásirese jańa pedagogikalıq texnologiyalardı paydalanıp sabaq ótiwde, ashıq sabaqlar ushın islenbeler islegende bul jumısta berilgen maǵlıwmatlardan paydalanıw maqsetke muwapıq boladı.

Ámeliy áhmiyeti – Usı jumısta berilgen, paydalanılǵan tariyxıy maǵlıwmatlar, tariyx sabaqların ótiwdegi metod hám usıllardan "Tariyx oqıtıw metodikasi", "Tariyx oqıtıwda texnologiyalar hám proektlestırıw", ásirese mekteplerde Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan tariyxı pánlerın oqıtıwda, metodologiyalıq qollanbalar islep shıǵıwda ámeliy áhmiyetke iye. Sonıń menen birge ashıq sabaqlar ótiwshı jas oqıtıwshılar, magistr ham bakalavr tálim baǵdarı talabaları ushın metodikalıq járdem bola aladı.

**Magistrlik dissertaciya jumısınıń aprovacitası:** Magistrlik dissertaciya jumısı kafedra májilisine usınılıp, jumıs májiliste kórilip, ilimiy basshı, sırtqı ekspertler tárepinen kórilip shıgıldı hám qorǵawǵa usınıldı. Izertlediń juwmaqları boyınsha járiyalanǵan ilimiy maqalalar: Dissertaciya boyınsha eki ilimiy maqala hám bes tezis járiyalandı.

**Magistrlik dissertaciya jumısınıń strukturası**: Kirisiw, 10 paragrafdan ibarat 3-bap, juwmaqlaw hám paydalanılǵan ádebiyatlar diziminen ibarat. Jámi 84 bet.

«Tariyxtı umıtqan xalıq, jámiyet óz jolın umıtadı. Bunday xalıq hám jámiyettiń keleshegi joq». **Islam Karimov**

# I-BAP: ǴÁREZSIZLIK JILLARINDA QARAQALPAQSTAN TARIYXINIŃ ÚYRENILIWI

Ózbekstannıń birinshi Prezidenti I.A.Karimov óziniń "Tariyxıy eslewsiz keleshek joq" degen shıǵarmasında tariyxshılarımızdıń aldına bir qatar ilimiy teoriyalıq hám ámeliy aktual mashqalalardı izertlew wazıypaların qoya kelip «óz tariyxın bilgen, onan ruwxıy quwat alatuǵın xalıqti jeńip bolmas eken, biz haqıyqıy tariyxımızdı tiklewimiz, xalqımızdı, milletimizdi mine usı tariyx penen qurallandırıwımız zárurʼr. Tariyx penen qurallandırıw, jáne bir ret qurallandırıw zárúr» - dep tariyxımızǵa baha berip ótken edi.

Haqıyqatında da, keshegi tariyx biz ushın turmıs mektebi. Oǵan qarap sabaq alamız, juwmaq shıǵaramız, keleshek jolın belgileymiz. Xalqımız tariyxı – shegi joq ǵáziyne, biz ushın maqtanısh deregi esaplanadı.

1996-jıldıń 16-dekabrinde Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń «Ózbekstannıń jańa tariyxın tayarlaw hám baspadan shıǵarıw haqqında» 445-sanlı qararı, 1997-jıldıń 24-fevralında Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 45/2-sanlı «Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxın tayarlaw hám baspadan shıǵarıw haqqında» qararı qabıl etilgen edi.

- Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń «Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxın tayarlaw hám baspadan shıǵarıw haqqında» qararında:
- «Biziń xalqımızdıń ótmishinde millet tágdirine baylanıslı tariyxıy qubılıslardı tereń ilimiy izertlew hám onı durıs sáwlelendiriw;
- Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxın jazǵanda tariyxıy basqıshlar hám sotsiallıq-siyasiy progress — bul úzliksiz qubılıs ekenin esapqa alıw, tariyxıylıq hám miyraslıq tiykarlarǵa súyeniw;

- Qaraqalpaqstan xalqınıń ullı tariyxıy miyrasqa iye ekenin hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlarǵa ılayıqlı úles qosqanın tán ala otırıp, mámleketlik qurılıstıń ózine tán dástúrleri hám pikirlerdiń jáne olarǵa kóz-qaraslardıń ózgesheliklerin esapqa alıw;
- Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxınıń hár bir bólimin hám babın jazǵanda bir táreplemeli subiektiv kóz-qarasqa jol qoymaw hám birden-bir izertlew usılın saqlaw;
- Qaraqalpaqstannıń tariyxına baylanıslı waqıyalardı sáwlelendirgende Qaraqalpaqstannıń tariyxı áyyemgi Turan jeri hám Túrkstan tariyxınıń ajıralmas quram bólegi bolıp tabılatuǵının esapqa alıw;
- Qaraqalpaqstannıń tariyxı dúnyanıń hár qıylı aymaqlarında júz bergen sotciallıq-tariyxıy waqıyalarǵa, sonday-aq jer júzilik progressiv qubılıslarǵa hám olardıń bir-birine tásir jasawına tıǵız baylanıslı ekenin esapqa alıw;
- Izertlewler júrgizgende kommunistlik-bolshevistlik ideologiyanıń qatıp qalǵan pikirlerine hám ótmishti burmalawǵa jol qoymaw, tariyxıy waqıyalardı durıs bahalaw;
- Jaslarda milliy ǵárezsizlik ideyalar, Watandı súyiwshilik, azamatlıq hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlardı qáliplestiriwde tariyx ilimi hám pániniń áhmiyetine dıqqat awdarıw» inabatqa alınsın dep belgilengen edi.

2000-jılı «O’zbekistonning yangi tariyxi, 1-3 kitob», 2003-jılı «Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı. Qaraqalpaqstan XIX ásirdiń ekinshi yarımınan XXI ásirge shekem» akademiyalıq monografiyalar baspadan shıǵarıldı. 2001-jılı baspadan shıqqan akademik S.K.Kamalovtıń «Qaraqalpaqlardıń xalıq bolıp qáliplesiwi hám onıń mámleketligi tariyxınan»[21] kitabı respublikalıq Berdaq atındaǵı sıylıqtı alıwǵa miyasar boldı.

---

[21] O’zbekiston Yangi tarixi. 1-3 kitob. Toshkent: Sharq, 2000; Qaraqalpaqstan jańa tariyxı. Nókis: Qaraqalpaqstan, 2003; Kamalov S.K. Qaraqalpaqlardıń xalıq bolıp qáliplesiwi hám onıń mámleketligi tariyxınan. Nókis, 2001.

## 1.1. Ǵárezsizlik dáwiri Qaraqalpaqstan tariyxınıń úyreniliwi: jańasha qaraslar hám ilimiy koncepciyalar.

1991-jılı Ózbekstan Respublikası hám onıń quramındaǵı Qaraqalpaqstan Respublikaları ushın burılıs jılı boldı. Usı jıldan baslap xalqımız tariyxında jańa dáwir, jańa zaman baslandı.

Bul zaman ótmishke hám házirgi kúnge jańa kóz-qarastı qáliplestiriw, xalıqlardıń ózin-ózi tanıw wáziypaların qoydı. Bul wáziypa tariyx alımlardıń aldında xalqımızdıń tariyxın ótken totalitar dáwirden ideologiyasınıń tásiri nátiyjesinde bolǵan burmalawshılıqlardı tazartıwdı, yaǵnıy haqıyqıy tariyxtı jaratıwdı talap etip atır. «Sebebi, - dep jazadı birinshi Prezidentimiz I.Karimov, - ózińizge málim keńes húkimeti zamanında tariyxıy haqıyqatlıqtı biliwge umtılıw quwatlanbaytuǵın edi, ústem ideologiyaǵa xizmet qilmaytuǵın derekler ilaji bolǵansha xalıqtıń kózinen jasırın saqlanar edi…. Endi ǵárezsizliktiń nátiyjesinde ǵalaba anıqlanıp atırǵan haqıyqatlıqtı biliwge, ózligin ańlawǵa ıqlas penen umtılıwshılıqtıń sebepleri mine usınday dep oylayman»[22]. Tariyxtı umıtqan xalıq, jámiyet óz jolın joǵaltadı. Bunday xalıq hám jámiyettiń keleshegi joq. Haqıyqatında da, keshegi tariyx biz ushın turmıs mektebi. Oǵan qarap sabaq alamız, juwmaq shıǵaramız, keleshek jolın belgileymiz.

Tariyx – bul adamzat ómiriniń aynası, ótmishi menen keleshegi, bılayınsha qaraǵanda hár adam balasınıń basqan iziniń baǵdarı dep túsiniw múmkin. Tariyx - bul muǵallim, tariyx - bul tárbiyashı, tariyx - bul milliy ideologiya deregi, tariyx - bul dástan. Tariyx - bul adamzattıń qarım-qatnaslarınıń túp tórkinleri ǵana emes, bálki neshshe million jıllıq adamzat ómiriniń tájiriybeleri. Sol tájiriybelerdi aqıl tárezimizge salıp tolıq ańlaǵan jaǵdaylarda ǵana biz hesh qanday adaspaytuǵın

---

[22] Karimov I.A Tarixiy xotirasiz kelejak yoq: Ma'naviy yuksalish yo'lida. Toshkent: "O'zbekiston", 1998, 429-430-bb

tuwrı joldı tańlap alǵan bolamız. Óytkeni ata-babalardıń tájiriybelerinen uzaqta qalǵan adam hámme waqıt adasadı. Olar bul joldıń basında, ortasında basıp ótip, bizlerge órnek bolarlıqtay tájiriybe qaldırǵan. Sonıń ushında ótmishtegi tariyxımızdı úyreniwimiz kerek.

Tariyx – tek tájiriybe ǵana emes, sonıń menen birlikte adamlardı ruwhlandırıwshı kúsh.

Qaraqalpaqstan tariyxı pán sıpatında óziniń pútkil dıqqat itibarın ótmish hám házirgi zamanǵa qaratadı, onnan sabaq beredi, juwmaq shıǵaradı, ata-babalarımızdıń yadnamada qalǵan turmıs-tárzin, olar jaratqan mádeniy, ruwhıy qádriyatların úyrenedi; Qaraqalpaqstan tariyxı páni, basqa jámiyetlik pánlerge qaraǵanda anıq pán. Tariyxıy waqıya hám hádiyseler qatań anıqlıqta, dáwir izbe-izliginde – xronologiyalıq tiykarda úyreniledi; Qaraqalpaqstan tariyxı tariyxnaması páni ótmishte sociallıq-ekonomikalıq turmıs awhalı, rawajlanıwı hám dağdarısınıń sebep hám aqıbetlerin úyrenedi, olardan keleshek ushın sabaq hám juwmaq shıǵaradı. Bul bolsa, áwladlar ushın baǵdarlama boladı; Qaraqalpaqstan tariyxı páni kóp qırlı hám hár túrli qásiyetke iye. Ol jámiyet rawajlanıwı hám dağdarıslarınıń tek bir tárepin ǵana emes, bálki onıń hámme táreplerin bir-birine baylanısta, bir pútinlikte úyrenedi.

Qaraqalpaqstan tariyxı páni *metodologiyalıq prinsipleri* tómendegilerden ibarat:

- tariyxıy hádiyse hám waqıyalardı, hújjet hám faktlerdi ilimiy ob’ektivlilik penen tuwrı úyreniw hám talqılaw;
- tariyxtı milliylik hám ulıwma insanıylıq prinsipleri tiykarında úyreniw hám talqılaw;
- tariyxtı haqıyqıy obiektivlik, tariyxıy-filosofiyalıq logikalıq negizde úyreniw hám jazıw;
- tariyxqa milliy hám ulıwma insanıylıq yadnama hám qádriyat sıpatında húrmet etiw hám itibarlı bolıw;

• xalıq, ullı mámleket ǵayratkerleri hám basshıları, talantlı hám qábiletli, pidayı hám qaharman adamlardıń tariyxta tutqan ornına ayrıqsha itibar beriw;

• tariyxıy waqıya hám hádiyse, hújjet hám faktlerdiń tuwrı hám natuwrılıǵın anıqlawda tariyxıy-talqılaw usılına ámel qılıw;

• tariyxtı ilimiy-dóretiwshilik penen seziw, kritikalıq negizde úyreniw;

• tariyxtı úyreniwde miyraslıq hám óz-ara baylanıs, eń áhmiyetlisi, logikaǵa ámel qılıw.

Tariyxtı qanday bolsa, sondaylıǵınsha úyreniw kerek degen túsinik ústemlik etpewi zárúr.

Qaraqalpaqstan tariyxı páni aldında turǵan *tiykarǵı wazıypalar* tómendegilerden ibarat:

*Birinshiden*, qániyge tariyxshı kadrlarǵa tereń milliy hám ulıwma insanıy, tariyxıy, ideyalıq, siyasiy, ilimiy-teoriyalıq dúnyaǵa kóz-qarastı sińdiriw, usı maqset jolında tariyx ilimin keń úyretiw.

*Ekinshiden,* insanda milliy oy-pikir, maqtanısh hám ózlikti, milliy hújdan hám ulıwma insanıy kámillikti tárbiyalaw.

*Úshinshiden*, Watandı súyiwshilik hám áskeriy erlikti, Watanǵa sadıqlıqtı tárbiyalaw.

*Tórtinshiden*, milliy hám tariyxıy qádriyatlardı asırap-abaylaw ruwhın sińdiriw, olarda joqarı psixologiyalıq pazıyletlerdi tárbiyalaw.

*Oqıwshılardıń bilimine hám kónlikpesine qoyılatuǵın talaplar:*

Bul pán júdá quramalı pán bolıp, metodologiyalıq, ulıwma tariyxıy hám arnawlı tariyxıy pánlerdi biliwdi talap etedi. Qanday da bir tariyxıy konsepsiyanı izertlegende sol dáwirdi jaqsı biliw kerek. Mısalı, S.Kamalov, Ya.Dosumov, U.Shalekenovlerdiń xalıq azatlıq háreketi, mádeniyat boyınsha konsepciyaların úyrengende keshegi sovet zamanın bilmey turıp olardıń miynetlerin tolıq bahalay almaymız. Tariyxıy konsepciyalardı bahalaw ushın sol dáwirdiń tariyxıy dereklerin izertleytuǵın tariyxıy derek tanıw pánin de biliwimiz kerek.

Tariyxıy biliw hám kóz-qaraslar jámiyettiń turmısı tarawına kiredi. Ruwxıy mádeniyatta eske túsiriwler, muzey eksponatları, tariyxıy romanlar úlken rol atqaradı. Degen menen, jaqın ótmishti biliwde ilimiy izertlewdi joqarıdaǵı atı atalǵanlar menen salıstırıp bolmaydı. Ilim jámiyetlik sananıń ayrıqsha forması esaplanadı.

Tariyxqa teoriyalıq kóz-qaras qáliplesip, tariyxıy derekler tereń izertlenip, tariyxıy materialdı kritikalıq talqılaǵannan keyin ǵana tariyxıy bilim ilimge aylanadı. Sonday-aq tariyx ilimi rawajlanıwınıń hár qıylı basqıshlarında ilimiy sana dárejesi hár qıylı boladı. Mısalı, bizler 1917-1950-jıllardı empirikalıq material toplaw jılları dep bahalaymız. 1950-1990-jıllar tariyxımızdı kommunistlik ideologiya sheńberinde jazıw jılları, házirgi dáwir ǵárezsizlik jıllarında tariyxımızdıń belgisiz betlerin tolıqtırıw hám haqıyqıy tariyx dóretiw jılları esaplanadı.

Ǵárezsizlik jıllarında Qaraqalpaqstan suveren respublika bolǵannan keyin, tariyx iliminde jańa izertlewler, milliy ǵárezsizligimiz kontseptsiyası negizinde ilimiy izertlew isleri jolǵa qoyıldı, tariyxıy izertlewler diapazoni keńeytirildi. Jańa sociallıq impulslar tásirinde kóplegen jańa temalar zamanagóy kóz qarastan úyrenilip basladı. Jańadan ilim doktorları hám ilim kandidatlar jetilisip shıqtı. Olardan atap ótsek, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Ózbekstan quramında ǵárezsizlikke erisiwı, jańa dáwirde qaraqalpaqlardıń milliy mámleketshiligi joqarı basqıshqa kóterilgeni haqqında akademik S.Kamalovtıń, Qaraqalpaqstannıń házirgi zaman tariyxı hám mádeniyatı boyınsha akademik J.B.Bazarbaev, Respublikamız mámleketlik nıshanlarınıń siyasiy hám tariyxıy áhmiyeti haqqında S.D.Niyetullaevlar ilimiy miynetler dóretiwde ózleriniń salmaqlı úleslerin qosdı. Sonday-aq ǵárezsizlik dáwirinde hayal-qızlar máseleri tariyxı boyınsha Ya.A.Abdullaevanıń, awıl xojalıǵında paxtashılıq tarawı boyınsha M.K.Sarıbaevtıń, qaraqalpaqstanda xalıq bilimlendiriwi tarawınıń tariyxı boyınsha

R.Dj.Urazbaevalar ilimiy izertlewleri negizinde qunlı miynetleri, monografiyaları baspadan shıǵarıldı.

Ózbekstan Respublikası Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi tariyx, arxeologiya hám etnografiya institut janında ashılǵan qánigelestirilgen Keńeste 1995-2010 jıllar aralıwında 55 kandidatlıq dissertatsiya jumısları qorǵaldı. Solardan, Watan tariyxı boyınsha – 41; arxeologiya boyınsha – 7; etnologiya boyınsha – 7 kandidatlıq dissertatsiyaları jaqlandı. Bul kórsetkishlerdi elede tolıqtırıw boyınsha ilimiy jumıslardı dawam ettiriw maqsetinde jas qánigeler miynet etpekte.

Qaraqalpaqstan tariyxshılarınan prof. B.A.Qoshanovtıń «Qaraqalpaqstan tariyxnaması» atlı oqıw qollanbasında ǵárezsizlik jıllarında tariyx iliminiń rawajlanıwına tiyisli tómendegi maǵlıwmatlar keltirilgen. «1991-jılı Ózbekstan Ilimler Akademiyasınıń Qaraqalpaqstan Filialındaǵı N.Dawqaraev atındaǵı Tariyx, til hám ádebiyat instituti Tariyx, arxeologiya hám etnografiya instituti hám N.Dawqaraev atındaǵı Til hám ádebiyat instituti bolıp ekige bolinip, burıngı bir instituttıń ornına eki ilimiy institutı payda boldı. Bul ilimpazlarımızǵa qaraqalpaq xalqınıń tariyxın, tilin hám ádebiyatın izertlew jumısların tereńnen hám keń túrde izertlewge úlken jol ashıp berdi.

Búgingi kúni Qaraqalpaqstanǵı ilim doktorlarınıń sanı 65 ke jetken bolsa sonnan 60 procentten aslamı, 600 den aslam ilim kandidatlarınıń 40 procenti ǵárezsizlik dáwirinde ilimiy dárejege iye boldı[23].

2003-jılı «Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı. Qaraqalpaqstan XIX ásirdiń ekinshi yarımınan XXI ásirge shekem» akademiyalıq monografiyası baspadan shıǵarıldı. Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı kitabı suverenlik hám ǵárezsizlik dáwirin óz ishine alǵan Qaraqalpaqstan tariyxıshılarınıń birinshi miyneti bolıp esaplanadı. Avtorlar

[23] Qoshanov B.A Qaraqalpaqstan tariyxnaması. – Nókis: «Bilim», 2016. – 63-bet.

jámáátı bul miynette “usı úlken jumıstıń baslanıwında xalıqtıń haqıyqıy tariyxın qayta tiklew, dúnya civilizaciyasında ornın hám rolin ashıp beriwin” jaziwı menen bahalandı. Bul jerde avtorlardıń úlken miynetleri arqasında burın qupiya saqlanǵan hújjetler hám faktler jariyalanǵan materilalımızda jańalıq boldı. Kitaptıń ayrıqsha áhmiyeti, avtorlardıń ideyası - dúnya kóz-qarasların jańa dáwirde shıǵarıw bolıp esaplanadı. Jańa tariyx dáwirlerinde hár túrli mashqalalardı kótergen jarıtqan monografiyalar, izleniwshilerdiń kóp miynetleri arqasında toplandı. Usılay etip, Qaraqalpaqstannıń tariyx iliminiń rawajlanıwı belgili bir juwmaqqa keldi.

Álbette, bul xalqımız tariyxın úyreniwde hám tolıqtırıp barıwda úlken áhmiyetke iye.

## 1.2. Ǵárezsizlik jılları Qaraqalpaqstan tariyxı iliminiń tariyxnaması

Suverenli Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Ózbekstan quramında ǵárezsizlikke erisiw jolı, onıń sociallıq-ekonomikalıq hám ruwhıy negizlerin analiz etiw, mámleketshiliktiń nıshanları bolǵan bayraq, gerb, gimn, Konstituciyasınıń qabıl etiliwi hám onıń áhmiyetin úyreniw tariyx ilimindegi aktual wazıypalardıń birinen bolıp tabıladı. Qaraqalpaqstannıń mámleketlik suvereniteti haqqındaǵı Deklaraciya (1990-jıl 14 dekabr) onıń siyasiy hám tariyxıy shejiresine altın háripler menen jazıladı. Mine usı sáneden baslap xalqımız tariyxi, sociyal-ekonomikalıq hám mádeniy turmısı hám de onda bolıp atırǵan ózgerislerge baylanıslı ilimiy izertlewler alıp barıw, xalqımız tariyxın jańa mámleketshilik koncepciyası tiykarında úyreniw hám jazıw máselesi kóldene turdı.

Bunda, birinshilerden bolıp yuridika ilimleriniń doktorı Saǵındıq Nietullaev óziniń ilimiy miynetleri menen keń jámiyetshilikke tanıldı. Onıń «Перестройка и изменение статуса Каракалпакской АССР», «Вопросы развития законодательства Республики Каракалпакстан», «Государственное строительство в Республике Каракалпакстан» hám «К истории разработки и принятия Конституции суверенного Каракалпакстана» atamalarındaǵı Xabarshı jurnalında jarıq kórgen ilimiy maqalalarında Qaraqalpaqstan respublikanıń suverenli mámleket bolǵanlıǵı haqqındaǵı maǵlıwmatlardı berdi[24].

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń tuńǵısh Konstituciyasınıń qabıl etiliwi, onıń ǵárezsiz demokratiyalıq huqıqıy mámleketti dúziwde hám huqıqıy reformalardıń irge tası sıpatında áhmiyeti hám Qaraqalpaqstan Respublikasınıń mámleketlik nıshanlarınıń siyasiy hám tariyxıy áhmiyeti haqqında S.D.Niyetullaevtıń

---

[24] Ниетуллаев С.Д. Перестройка и изменение статуса Каракалпакской АССР // Вестник ККФАН УзССР. – Нукус, 1991. №1; Усы автор. Вопросы развития законодательства Республики Каракалпакстан. Нукус, Каракалпакстан, 1992; Усы автор. Государственное строительство в Республике Каракалпакстан. Нукус, Каракалпакстан, 1993; Усы автор. К истории разработки и принятия Конституции суверенного Каракалпакстана. Вестник, КК ОАН РУз, 1993, №3; Умарова К. Суверенитет Каракалпакстана: декларация и закон // Вестник КОАН РУз. – Нукус, 1998. №2-3;

«Qaraqalpaqstan jańa Konstitutciyasınıń huqıqıy tiykarları hám onıń mámleketlik qurılısınıń ayırım máseleleri»[25] kitabında bahalı maǵlıwmatlar toplanǵan.

Akademik Sabır Kamalov «Qaraqalpaqlardıń xalıq bolıp qáliplesiwi hám onıń mámleketshiliginiń tariyxınan»[26] atlı miynetlerinde qaraqalpaqlardıń milliy mámleketshiligi onıń rawajlanıwı hám joqarı basqıshqa kóterilgenin atap ótti.

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Ózbekstan quramında ǵárezsizlikke erisiw jolı, suverenlik deklaratciyasınıń qabıl etiliwi, suverenliktiń siyasiy, ekonomikalıq hám xalıq aralıq kepillikleri, Qaraqalpaqstannıń suverenligi hám onıń tariyxıy qırları sol jıllardaǵı áhmiyetli tariyxıy hújjetler P.Aytniyazovtıń «Qaraqalpaqstan Respublikası – suverenli mámleket»[27] kitabında bayan etilgen.

Sonday-aq «Qaraqalpaqstan jańa tariyxı»[28] kitabınıń úshinshi bóliminde suveren respublikamız tariyxı dáslepki mártebe tariyxıylıq hám haqqanıylıq principi tiykarinda dóretiliwi hám de Qaraqalpaqstan Respublikası mámleketlik ǵayratkerleriniń eske túsiriwleriniń baspadan shıǵarılıwı xalqımız tariyxnamasında úlken tariyxıy jańalıq boldı[29].

Qaraqalpaqstan jańa tariyxı miynetiniń avtorlarınıń biri akademik Sabır aǵa Kamalov «qaraqalpaq xalqınıń ózine tán bunday mámlketlik nıshanları (gerb, gimn – B.K.) Qaraqalpaqstan mámleketiniń tariyxında burın bolǵan emes» dep jazadı. Qaraqalpaqstan Respublikasınıń statusı hesh qashan búgingidey dárejege kóterilgen emes. Suverenlik alıw menen bul respublika ǵárezsiz Ózbekstan

---

[25]Niyetullaev S.D. Qaraqalpaqstan jańa Konstituciyasınıń huqıqıy tiykarları hám onıń mámleketlik qurılısınıń ayırım máseleleri. - Nókis, Qaraqalpaqstan, 1994

[26] Kamalov S.K. Status Respubliki Karakalpakstan v Konstitutsii Respubliki Uzbekistan // Vestnik KO AN RU. – Nukus, 1994. №1; Usı avtor. Kamalov S.K. Qaraqalpaqlardıń xalıq bolıp qáliplesiwi hám onıń mámleketginiń tariyxınan. Nókis, 2001

[27] Aytniyazov P. Qaraqalpaqstan Respublikası – Suverenli mámleket. -Nókis, Qaraqalpaqstan, 1992

[28]Qaraqalpaqstannın jana tariyxı. Qaraqalpaqstan XIX asirdin ekinshi yarımınan XXI ásirge shekem. – Nókis: Qaraqalpaqstan, 2003..

[29] Kamalov K. El xızmetinde. Eske túsiriwler. – Nókis: Qaraqalpaqstan, 1995; Qaniyazov S. Altın jaǵıs. Memuar. – Nókis: Bilim, 2006; Tojiev A. Hayotim xalqimga tegishli (Esse). – Toshkent: Voris, 2006.

Respublikasınıń quramındaǵı mámleket bola otırıp, óz ekonomikasın, mádeniyatın, ilimin rawajlandırıwǵa múmkinshilik aldı. Sonıń menen birge onıń táǵdiri, keleshegi Ózbekstan Respublikası menen burınǵı waqıtlarǵa qaraǵanda da tıǵız baylanısıp ketti.

Tariyx ilimleri doktorı, QMU professorı B.Qoshanov[30] (T.A.Ametov benen qospa avtorlıqta) óz izertlewinde hám maqalalarında bul temanı tereń úyrene kelip Qaraqalpaqstan eń jańa tariyxın 1989-jılı Ózbekstan basshılıǵına I.A.Karimov keliwi menen tıǵız baylanıstıradı. Avtorlar Qaraqalpaqstan Respublikasınıń mámleketlik suvereniteti haqqındaǵı Deklaratsiyası mazmun, áhmiyetin hám Qaraqalpaqstan Respublikası Konstitutsiyasın tayarlaw hám qabıllaw procesin úyrenedi. Ǵárezsizlik jılları Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi iskerliginiń rawajlanıw basqıshları hám respublikamızda siyasiy-jámiyetlik turmıs tereń úyreniledi, analizlenedi.

Qaraqalpaqstannıń házirgi zaman tariyxı hám mádeniyatı boyınsha ilimiy miyntler dóretiwde akademik J.B.Bazarbaev belsendilik kórsetpekte[31].

Ǵárezsizlik dáwirinde hayal-qızlar máseleri tariyxı boyınsha tariyx ilimleri doktorı, NMPI docenti Ya.A.Abdullaevanıń[32] monografiyası jarıq kórdi.

---

[30] Кощанов Б.А., Аметов Т.А. Социально-экономическое положение Республики Каракалпакстан в первой половине 90-х годов XX века // Билим-образование. Алматы. 2010. №6; Усы авторлар. Обретение Каракалпакстаном независимости и суверенитета в составе Узбекистана // Вестник КО АН РУз. 2014. №3; Усы авторлар. О развитии политическо-правовых процессов Каракалпакстана (на примере в 1989-1993 гг.) // Общественные науки в Узбекистане. Ташкент, 2014. №3-4; Усы авторлар. Очерки новейшей истории Республики Каракалпакстан. – Нукус: Каракалпакстан, 2015.

[31] Bazarbaev J. Milliy ideya – biziń ideyamız. - Nókis: Bilim, 2003; Usı avtor. Ádiwli el aǵası, pidayı insan (Q.Kamalov haqqında). - Nókis: Qaraqalpaqstan, 2006; .Usı avtor. Danalıǵı gózzallıqqa ulasqan shayır (İ.Yusupov haqqında). - Nókis: Bilim, 2008; Usı avtor. Ruwxıyatımız marjanları yamasa úlgili el úlkenin, kóregenli el ótkenin qásterleydi. - Nókis: Bilim, 2008; Usı avtor. Milliy ideya – jol kórsetiwshi juldız. - Nókis: Qaraqalpaqstan, 2011. Akademik J.B.Bazarbaevtıń ilimiy miyrası jóninde A.Pazılovtıń «Danalıqqa eltiwshi – pidayı alım» (Nókis: Bilim, 2013) kitabın oqıń.

[32] Abdullaeva Ya.A. Qoraqalpogiston xotin-qizlari: Kecha va bugun. XIX asrning oxiri va XX asr. – Toshkent: Ijod dunyosi, 2004.

NMPI docenti, tariyx ilimleri doktorı M.K.Sarıbaevtıń[33] óziniń ilimiy izleniwlerin Paxta monopoliyasın saplastırıw boyınsha Ózbekstan hám Qaraqalpaqstanda 1990-jıllardıń basındaǵı ilajlardı túsiniwdegi miyneti, monografiyasınıń dóretiliwi úlken áhmiyetke iye.

Qaraqalpaqstanda xalıq bilimlendiriwi tariyxınıń 150 jıllıq tariyxı boyınsha tabıslı ilimiy izertlewin júrgizgen tariyx ilimleri doktorı, QMU professorı R.Dj.Urazbaevanıń[34] monografiyası ulken fundamental jumıs boldı.

2007-jılı QMU professorı B.A.Qoshanov hám G.I.Xojametova Qaraqalpaqstan muzıka mádeniyatı tariyxı boyınsha[35] al, 2016-jili NMPI docenti tariyx ilimleri kandidatı T.Kudyarova Qaraqalpaqastan kásiplik awqamları tariyxi boyınsha monografiyaların jazıp pitirdi hám baspadan shıǵardı[36].

Sonday-aq, eki dáwir kesispesinde Qaraqalpaqstan mádeniyatı tariyxı boyınsha J.Aytmuratov hám L.Urazovalar, orta bilimlendiriwdiń tariyxı boyınsha A.Kalilaev, dene tárbiyası hám sport tariyxı boyınsha B.Mambetov, medicina tariyxı boyınsha K.Allambergenov kandidatlıq dissertatsiyaların qorǵadı[37].

Respublikamızdıń házirgi dáwir sanaatı tariyxı boyınsha A.K.Sarıbaev, fermer-diyxan háreketi tariyxı boyınsha B.B.Utemuratov, Aral apatshılıǵı tariyxı

---

[33] Сарыбаев М.К. Политика хлопковой монокультуры советской власти в Каракалпакстане и ее последствия (1917-1990 гг.). – Ташкент: Изд-во Нац. Биб-ки Узб. Им. А.Навои, 2008..
[34] Уразбаева Р.Дж. История образования в Каракалпакстане (последняя четверть Х1Х – начало ХХ1 вв.). – Ташкент: Yangi nashr, 2011.
[35] Кощанов Б.А., Ходжаметова Г.И. Музыкальная культура Каракалпакстана в 1950-2005 годы. - Нукус: Билим, 2007.
[36] Кощанов Б.А., Ходжаметова Г.И. Музыкальная культура Каракалпакстана в 1950-2005 годы. - Нукус: Билим, 2007., Кудярова Т.А. История профсоюзной организации Каракалпакстана. –Ташкен. Навруз 2016.
[37] Айтмуратов Ж. Культура Каракалпакстана в 70-90- годы: общее состояние и тенденции развития. - Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Нукус, 1997; Калилаев А. История развития среднеспециального образования в Каракалпакстане (1925-2000 гг.) (на примере Ходжейлинского педагогического училища). Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Нукус, 2003; Мамбетов Б.Ж. Традиции физической культуры и спорта Каракалпакстана и проблемы возрождения, ХХ-й век. - Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Нукус, 2005; Уразова Л.К. История возрождения национальной культуры Каракалпакстана (1985-2005 гг.). - Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Нукус, 2009; Алламбергенов К. История организации профилактики чумы в Каракалпакстане в ХХ веке. - Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Нукус, 2001.

boyınsha B.M.Bekimbetovlar ózleriniń ilimiy izertlewlerin alıp bardı hám kandidatlıq dissertatsiyaların tabıslı qorǵadı[38].

Qaraqalpaqstanda ilim-izertlew jumısları tariyxı boyınsha R.Bazarbaev, Qaraqalpaqstan alımlarınıń ilimiy jurnalları tariyxı boyınsha Elmira Aleynikova, etnografiya ilimi tariyxı boyınsha Z.Kurbanovalar kandidatlıq dissertatsiya qorǵadı[39].

Suverenli Qaraqalpaqstan Respublikasınıń eń jańa tariyxı boyınsha B.A.Qoshanov hám T.A.Ametovlar dóretken ocherk[40] elimiz siyasiy turmısı, Aral apatshılıǵı, ekonomikadaǵı reformalar, sotsiallıq turmıstaǵı ózgerisler haqqında qunlı maǵlıwmatlardı óz oqıwshılarına jetkerip berdi.

*Qaraqalpaqstan ilimi tariyxnamasında ayırım mashqalalar qatarında:* Qaraqalpaqstan ilimi tariyxnamasında hár bir taraw tariyxın jaratıw zamanagóy wazıypalar qatarına kiredi, yaǵnıy olardan, tábiyiy pánler rawajlanıwı tariyxı jaratılmagan.

---

38 Бекимбетов Б.М. История общественно-политического движения за спасение Аральского моря (1960-1990-е гг.). – Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Нукус, 2006; Сарыбаев А.К. Хлопкоочистительная и текстильная промышленность Каракалпакстана в 1980-1995 гг.: исторический опыт и проблемы возрождения национальной промышленности. - Ташкент, 2008; Утемуратов Б.Б. Дехканские (фермерские) хозяйства Республики Каракалпакстан: история возрождения и развития (1917-1996 гг.). - Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Нукус, 1999.

39 Базарбаев Р.Ж. История формирования научного центра Каракалпакстана (1925-1997 гг.). - Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Нукус, 1999; Алейникова Э.Л. История становления и развития научной периодики Республики Каракалпакстан (1959-1998 гг.). - Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Нукус, 1999; Курбанова З.И. Становление и развитие этнографической науки в Каракалпакстане (1920-2000 гг.). - Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Нукус, 2006

40 Кощанов Б.А., Аметов Т.А. Социально-экономическое положение Республики Каракалпакстан в первой половине 90-х годов XX века // Билим-образование. Алматы. 2010. №6; Усы авторлар. Обретение Каракалпакстаном независимости и суверенитета в составе Узбекистана // Вестник КО АН РУз. 2014. №3; Усы авторлар. О развитии политическо-правовых процессов Каракалпакстана (на примере в 1989-1993 гг.) // Общественные науки в Узбекистане. Ташкент, 2014. №3-4; Усы авторлар. Очерки новейшей истории Республики Каракалпакстан. – Нукус: Каракалпакстан, 2015.

Sonday aq, fizika, filosofiya, ximiya ilimleriniń Qaraqalpaqstan mektepleri dúzildi, tariyx ilimi tarawında bull process ele de óz sáwleleniwin tappadı dep oylaymız.

*Ǵárezsizlik dáwiri Qaraqalpaqstan tariyxın jaratıwda aldımızda turǵan ayırım maselele rhám wazıypalardan:*

- mámleketimizdiń sotsiallıq tarawlarda, jámiyetti siyasiy reformalawda, demokratiyalıq reformalardı tereńlestiriwde, dinler ara hám milletler ara qatnasıqlardı rawajlandırıwda erisilgen tariyxıy ózgerisler eń jańa tariyxımızdıń tiykarǵı temaları bolıwı kerek;
- Internet tarmaǵında “Qaraqalpaqstannıń eń jańa tariyxı” na baylanıslı materiallar beriliwi tiyis.
- respublikamızdıń agrar qatnasıqlarda ámelge asırılıp atırǵan reformaları, qaraqalpaq awılları hám qalalarınıń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwı, awıllardıń kórkiniń ózgeriwi, demografiya tariyxı boyınsha miynetler jeterli emes;
- Qaraqalpaqstannıń eń jańa tariyxı jılnamasın islep shıǵıp, baspadan shıǵarıw kerek.
- Qaraqalpaqstannıń eń jańa tariyxı boyınsha JOO ushin oqıwlıqlar yamasa xrestomatiyalar islep shıǵıp, baspadan shıǵarıw kerek.

## 1.3. Qaraqalpaqstan tariyxı pániniń ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde úyreniwdiń ayırım máshqalaları.

Qaraqalpaqstan suveren respublika bolǵannan keyin, tariyx iliminde jańa izertlewler, milliy ǵárezsizligimiz kontseptsiyası negizinde ilimiy izertlew isleri jolǵa qoyıldı, tariyxıy izertlewler diapazoni keńeytirildi. Jańa sociallıq impulslar tásirinde kóplegen jańa temalar zamanagóy kóz qarastan úyrenilip basladı. Jańadan ilim doktorları hám ilim kandidatlar jetilisip shıqtı.

Haqiyqiy tariyxtı biliw jámiyetimizdiń hár bir puxarasınıń, ásirese jas áwladtiń ómirde óz jolın tańlap alıwına, búgingi turmısımızdıń qádirine jetiwine hám keleshegin anıqlap alıwına járdem beredi.

*Degen menen Qaraqalpaqstan tariyxın úyreniwde, ásirese bilimlendiriw tarawınıń tiykarǵı buwını bolǵan ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde oqıtılatın Qaraqalpaqstan tariyxı (Jáhán hám Ózbekstan tariyxı pánlerine ajıratılǵan saat ishinde jıllıq 17 saat kóleminde oqıtılıp kelinedi) páninde tómendegi mashqalalardı biliw hám olarǵa áhmiyet beriw zárúrli:*

- Birinshiden, ulıwma orta bilim beriw mektepleri (búgingi kúnde Qaraqalpaqstan Respublikasında 706 ulıwma orta bilim beriw mektebi bar) qaraqalpaqstan tariyxı sabaqlıǵi menen tolıq táminlenbegen. Máselen: 2014-jılı Nókis "Bilim" baspasınan shıqqan 7-klass Qaraqalpaqstan tariyxı sabaqlıǵi bar joǵi 5231 nusqada shıqqan, bul ortasha hár bir mektepke 7-klass oqiwshıları ushın 7-8 sabaqlıq kitap berildi degeni.
- Ekinshiden, basqa sabaqlıqlar Mámleketlik bilimlendiriw standartarı hám oqıw dástúrlerin kompetensiyaǵa tiykarlanıp engiziw tómendegi basqıshlarda ámelge asırıladı;
- 2017-2018-oqıw jılında 1, 4, 6, 10-kass sabaqlıqları;
- 2018-2019-oqıw jılında 1, 2, 11-klass sabaqlıları;
- 2019-2020-oqıw jılında 1, 3, 8, 9-klass sabaqlıları;

• 2020-2021-oqıw jılında 5-klaslarda baspadan shıǵarılıwı rejelestirilgen. Eger Qaraqalpaqstan tariyxı joqarıda kórsetilgenindey jáne 10-11 jıldan qayta baspadan shıǵarılatın bolsa joqarıda kórsetilgen 4-basqıshqada kirmewi anıq.

• Úshinshiden, O'zbekstan Respublikasının' «Ulıwma orta bilimlendiriw haqqında» ǵi Nızamı tiykarında 11 jıllıq tálim engizildi. Prezidentimiz tárepinen Xalıq bilimlendiriw ministrligine qısqa waqıt ishinde 10-11-klass oqıwshıların sabaqlıqlar menen táminlew boyınsha ayrıqsha tapsırmalar berildi. Bıraq elege shekem 10-11-klass oqıwshıları ushın Qaraqalpaqstan tariyxi sabaqlıǵi baspadan shıǵarılmadı.

• Tórtinshiden, ámeldegi mektep sabaqlıqlarında tariyxıy-geografiyalıq kartalarǵa jeterlishe orın berilmegen. Máselen; 2019-jılda "Bilim" baspası tárepinen basıp shıǵarılǵan 6-klass ushın usınıs etilgen "Qaraqalpaqstan tariyxı" sabaqlıǵın alıp qarasaq, jámi 4 túrli temalarǵa tiyisli kartalar berilgen.

7-klaslar ushın arnalǵan sabaqlıq kitapta da 6 túrli tariyxiy-geografiyalıq karta berilgen. Bul sabaqlı qalǵan qaraqalpaqstan tariyxı sabaqlıqlarına salıstırǵanda eń kóp tariyxıy-geografik kartalardı óz ishine alǵanlıǵı menen ajıralıp turadı

8-klaslar ushın arnalǵan "Qaraqalpaqstan tariyxı" sabaqlıǵı tek ǵana 2 kartanı ózinde jámlestirgen. 9-klaslar ushın arnalǵan "Qaraqalpaqstan tariyxı" sabaqlıǵında bolsa 3 tariyxıy-geografıyalıq karta berilgen.

Bul oqıwshılarda tariyxiy eles hám túsiniklerdi qáliplestiriwde jeterli emes bolıp esaplanadı.

Sebebi keńislik yamasa mákan haqqında eles payda etiwde ásirese karta áhmiyetli bolıp esaplanadı. Tarıyx kartalardıń bolsa úsh túri bar. Tariyx sabaqlıqlarında berilgen kartalar tiykarında olardı tómendegishe túrlerin kóriwimiz múmkin.

*1) Ulıwmalıq karta*. Olar bir mámleket yaki bir topar mámlekettegi Tarıyxıy waqıyalardı, Tarıyxıy rawajlanıwdıń belgili bir basqıshındaǵı jaǵdaydı anıqlaydı.

Máselen: «Temuriyler dáwirinde Mawarawnnahr hám Xorasan. XV ásir», «XIX ásirdiń birinshi yarımında Ózbek xanlıqları»;




*2) Obzorlıq karta*. Onda úyreniletuǵın waqıyalardıń rawajlanıwınıń izbe-izligi sáwlelendiriledi. Máselen: «X ásirdiń aqırı XIII ásirdiń basında Xorezmniń joqarılawı»;



*3) Tematikalıq karta*. Belgili Tarıyxıy waqıyalarǵa yaki Tarıyxıy processtiń ayrım táreplerine baǵıshlanadı. Máselen: «1238-jılı Buxarada Mahmud Tarabiy kóterilisi» yamasa «1916-jılǵı Jizzax kóterilisi».




Besinshiden, ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde qaraqalpaqstan tariyxın oqıtıw boyınsha oqıtıwshılar ushın birde bir metodikalıq qollanba yaki xrestamatiya islep shıǵılmaǵan. Bul atap ótilgen mashqalalar búgingi kúnge kelip óz sheshimin kútip turıptı.

Sonday-aq Ózbekstan Respublikasınıń «Bilimlendiriw haqqında» ǵı, «Kadrlar tayarlaw milliy dástúri haqqında» ǵı nızamları, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Ulıwma bilim beriw mektepleri oqıwshıları sabaqlıqlar menen táminlew sistemasın rawajlandırıw tarawında qosımsha shara-ilajlar haqqında» 2006-jılı 31-maydaǵı 362-sanlı, Ministrler Kabinetiniń «2005-2009-jıllarda ulıwma bilim beriw mektepleri ushın sabaqlıqlar hám oqıw-metodik qollanbalar basıp shıǵarıw dástúri haqqında» 2004-jıl 22-noyabrdegi 548-sanlı hámde «2009-2013-jıllarda orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriw mekemeleri ushın oqıw qollanbalardı basıp shıǵarıw dástúri haqqında» 2009-jılı 20-marttaǵı 8-sanlı

qararlarına muwapıq, orta hám orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriw mekemeleri ushın oqıw-metodik komplekslerin islep shıǵıw tártibin belgileydi.

Joqarıdaǵı nızam hújjetlerde sabaqlıq haqqında tómendegishe keltirilgen.

Sabaqlıq – mámleket tálim standartlarına muwapıq oqıw dástúri tıykarında, didaktik, metodik, pedagogik-psixologika, estetik hám gigiyenik talaplarǵa juwap beretuǵın, oqıw pániniń mazmunı tolıq jarıtılǵan, onıń tiykarların tereń ózlestiriwge qaratılǵan, oqıw pániniń maqset hám wáziypalarınan kelip shıqqan halda bilim alıwshılardiń jası hám psixofiziologik tiykarların esapqa alǵan halda islep shıǵılatuǵın, teoiryalıq maǵlıwmatlardan tısqarı ámeliy-tájiriybe hám sinew shınıǵıwların óz ishine alǵan kitap halındaǵı oqıw baspası.

Oqıtıwshı ushın metodik qollanba – sabaqlıqtaǵı hár bir temanı nátiyjeli oqıtıw metodikası, qosımsha sınaw tapsırıqlar hám oqıtıwshınıń sabaqtı qızıqlı shólkemlestiriwge tiyisli basqa metodik kórsetpeler berilgen, hár bir sabaqtıń maqseti, sabaqta paydalanilatuǵın qurallar hám olardan paydalanıw usılları, sabaqtıń mazmunı, ámeliy shınıǵıwlar, qosımsha tapsırmalar hám basqalar haqqında metodik korsetpeler anıq bayan etilgen kitap halındaǵı oqıw baspası.

*Tilekke qarsı ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde oqıtılatin qaraqalpaqstan tariyxi páni joqarıdaǵı nızam-hújjetlerde belgilengen sabaqlıq hám metodik qollanbaǵa iye emes.*

Bul arqalı biz Qaraqalpaqstan tariyxının` mekteplerde oqıtılıw máselesinde bar bolǵan mashqalalardı da kórsetip óttik. Bul máseleler óz sheshimin tabadı dep oylaymız. Bul mashqalalardı kórsetiw arqalı, sanap ótilgen mashqalalar sabaqlıq avtorlarınıń aldına dúzetiliwi tiyis dep kórsetilmeydi, bıraq olardı qayta kórip shıǵıw ushın túrtki bolıwına isenemiz.

Sebebi, hár qanday insan, shaxs óz ana jurtı tariyxına qızıǵadı, onı bilgisi, úyrengisi keledi. Al dáslepki fundamental bilimlerin mektep sabaqlıqlarınan aladı.

## II-Bap. Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde Qaraqalpaqstan tariyxın oqıtıw boyınsha mámleketlik tálim standartları:

### 2.1. Mámleketlik tálim standartları hám olarǵa qoyılǵan jana talaplar.

Búgingi kúnde ilim-pán, texnika hám islep shıǵarıw tarawlarınıń tez pátlerde jedel rawajlanıwı gúzetilmekte. Tálim-tárbiya processinde ulıwma tálim pánlerin oqıtıwdıń principial jańa metodologiyası sıpatında kompetenciyalıq jantasıwǵa tiykarlanǵan tálimdi engiziw siyasiy, ulıwma mámleketlik hám didaktik áhmiyetke iye bolǵan hádiyse esaplanadı. Dúnyanıń rawajlanǵan mámleketleriniń mámleket bilimlendiriw standartlarındaǵı tayanısh kompetenciyalardıń analizi búgingi kúnde bul máselege qaras hám jantasıwlar hár mámlekettiń bilimlendiriwden kózlengen maqseti, imkaniyatı hám shárt-sharayatlarınan kelip shıqqanlıǵın kórsetedi.

Ózbekstan Respublikasınıń 1997-jılı 29-avgusttaǵı «Bilimlendiriw haqqında» ǵı hám «Kadrlar tayarlaw milliy dásturi haqqında» ǵı nızamlarına muwapıq ulıwma tálim pánlerin oqıtıwdıń úzliksizligi hám izshilligin támiynlew, zamanagóy metodologiyasın jaratıw, orta hám orta arnawlı, kásip- óner tálimi mámleketlik tálim standartların kompetensiyalıq jantasıw tiykarında rawajlandırıw, oqıw-metodikaliq toplamlardıń jańa áwlatin islep shıǵıw hám ámeliyatqa engiziw maqsetinde Minstirler Kabinetiniń 2017-jılı 6-aprlede «Ulıwma orta hám orta arnawlı, kásip-óner táliminiń mámleketlik tálim standartların tastiyqlaw haqqında» ǵı Qararı qabıl etiledi. Oǵan muwapıq Ózbekistan Respublikasında tálimniń úzliksizligi, izbe-izligi, oqıwshı shaxsı hám qızıg`ıwshılıqları ústinliginen kelip shıǵıp, olardıń jas ózgesheliklerine tán ráwishte pánge tiyisli hám tayanısh kompetenciyalar qáliplestiriledi.

Mektep bilimlendiriw sistemasında kompetenciyalıq jantasıwǵa tiykarlanıp oqıtıw oqıwshılarda bilim, kónlikpe hám qánigelerdi óz aldına qáliplestiriwdi ǵana emes, bálkim olardı kompleksli túrde iyelewdi de úyretedi. Sonıń menen birge, oqıtıw metodları da ózgerip baradı.

*Mámleket tálim standartınıń* maqseti – ulıwma orta bilimlendiriw sistemasın mámlekette ámelge asırılıp atırǵan social-ekonomikalıq reformalar, rawajlanǵan sırt el mámleketleriniń aldıńǵı tájiriybelerin hámde ilim-pán hám zamanagóy ilim-pán hám xabar-komunikaciya texnologiyalarına tiykarlanǵan tárizde, ruwxıy bárkamal hám intelektual rawajlanǵan shaxstı tárbiyalawdan ibarat.

*Mámleket tálim standartınıń wáziypaları tómendegilerden ibarat:*

- Ulıwma orta tálim mazmun hám sıpatına qoyılatuǵın talaplardi belgilew;
- Milliy, ulıwma insaniy hám ruwxıy qádiryatlar tıykarında oqıwshılardı tárbiyalawdıń nátiyjeli usılların engiziw;
- Oqıw-tárbiya processinde pedagigik hám zamanagóy xabar-komunikaciya texnologiyaların engiziw, ulıwma orta tálim mekemeleriniń oqıwshılarına hám pitkeriwshileriniń qánigesine qoyılatın talaplardı belgilew;
- Kadrlardı maqsetli hám sıpatlı tayarlaw ushın tálim, pán hám islep shıǵarwdıń nátiyjeli integraciayasın táminlew;
- Mámleketlik tálim standartları talaplarınıń tálim sıpatın hám kadrlar tayarlawǵa qoyılatuǵın xalıqaralıq talaplarǵa muwapıqlıǵın táminlew.

*Tariyx pánin oqıtıwdıń maqset hám wáziypaları:*

- ➢ Oqıwshılarda tariyxıy sana hám tariyxıy oy-pikirdi qáliplestiriw, dúnya
- ➢ xalıqları hám kóp milletli xalqımızdıń tariyx hám búgingi kúnine, milliy hám ulıwmainsaniy qádiryatlarǵa húrmet seziminde tárbiyalaw;
- ➢ Oqıwshılarǵa mámleketimiz tariyxı jáhán civilizaciyasınıń ajıralmas bólimi
- ➢ ekenligin ańlatıw;
- ➢ Oqıwshılarǵa tarıyx pánine tiyisli ulıwma hám kúsheyttirilgen kompetenciyalardı qáliplestiriw;

*Mámleketlik tálim stadartlarında tariyx pánin oqıtıw boyınsha belgilengen maqset hám wáziypalardan kelip shıǵıp tariyx pánin tómendegishe basqıshları engiziledi:*

| Tálim basqıshı | Pitkeriwshiler | Standart dárejesi | Dáreje atı |
|---|---|---|---|
| Ulıwma orta tálim | Ulıwma orta bilim beriw mektepleriniń 5-klass pitkeriwshileri | A1 | Tariyx pánin úyreniwdiń baslanǵısh dárejesi |
| | Tariyx pánine qánigelestirilgen ulıwma bilim beriw mekteplerinin 5-klass pitkeriwshileri | A1+ | Tariyx pánin úyreniwdiń kúsheyttirilgen baslanǵısh dárejesi |
| | Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinin 9-klass pitkeriwshileri | A2 | Tariyx pánin úyreniwdiń tayanısh dárejesi (eń áyyemgi dáwirden XX ásir basına shekem) |
| | Tariyx pánine qánigelestirilgen ulıwma bilim beriw mekteplerinin 9-klass pitkeriwshileri | A2+ | Tariyx pánin úyreniwdiń kúsheyttirilgen tayanısh dárejesi. |
| Orta Tálim | Tariyx páni tereńlestirip úyrenilmeytuǵın mekteplerdiń 11-klass pitkeriwshileri | B1 | Tariyx pánin úyreniwdiń tayanısh dárejesi dawam ettiriledi. (XX ásir baslarınan házirgi kúnge shekemgi dáwir). Tariyx pánin úyreniwdiń ulıwma dárejesi |
| | Tariyx páni tereńlestirilip oqıtılatuǵın mekteplerdiń 11-klass pitkeriwshileri | B1+ | Tariyx pánin úyreniwdiń kúsheyttirilgen ulıwma dárejesi |

Tálimde kompetensiyalıq jantasıwdıń júzege keliw tariyxına tiyisli materiallar analiz qılınsa, onıń rawajlanıw tariyxın shártli ráwishte tort túrge bóliw múmkin.

*Birinshi basqısh* ( 1960-1970-jıllar ). Bul dáwirde dáslepki márte “kompetenciya” hám “kompetentlik” sózleri ilimiy ádebiyatlarǵa kirip kele basladı. Sol dáwirden baslap til úyreniw teoriyası baǵdarında til kompetenciyası túrine tiyisli izertlewler baslanıp D.Xayms tárepinen, “komunikativ kompetentlik” túsinigi kiritildi.

*Ekinshi basqısh* ( 1970-1990-jıllar ). Bul dáwirde til úyreniw ( ásirese óz ana tili bolmaǵan ) teoriya hám ámeliyatta, basqarıwda kásiplik sheberlik, basshılıq qılıwda, menejmentte, qarım-qatnas qılıwdı úyreniwde kompetenciya (kompetentlik) túsinikleriniń mazmunı islep shıǵıla baslandı. Bul dáwir sonıń

menen xarakterlenedi kompetentliktiń túrli kórinislerinde “tayar bolıw”, “ılayıqlılıq” kategoriyalarınıń usınılıwı, sonday-aq “juwapkerlik” , “isenim menen” sıyaqlı psixologiyalıq sıpatlardı da sáwlelendiriwi itibardı tartadı.

J.Ravenniń 1984-jılda basıp shıǵarılǵan “Zamanagóy jámiyette kompetentlik” atlı shıǵarmasında kompetentlikke keń táriyp beriledi. Bul sonday hádiyse, “ol júdá kóp muǵdardaǵı kompenentlerden dúzilgen bolıp, olardan kópshiligi bir-birine salıstırǵanda ǵárezsiz, ayrım komponentler kóbirek kognitiv tarawǵa tiyisli. Bul komponentler óz-ózin nátiyjeli basqarıwda bir-birin toltırıwı múmkin.

*Úshinshi basqısh* 90-jıllardan baslanadı. Bul dáwirde kompotentlikti ilimiy kategoriya sıpatında táilmge qarata qollaw boyınsha izzertlew isleri orınlandı. A.K.Markovtıń ( 1993-1996-jıllar ) islerinde miynet psixologiyası kontekstinde kásiplik kompetentlik arnawlı predmet sıpatında hár tárepleme qaraladı. Bul dáwirde sonday-aq, oqıtıwshı kompotentligine tiyisli bolǵan isler L.M.Litina, L.A.Petrovskiy, N.V.Kuzmina, L.P.Alekseeva, N.S.Shabligina hám basqalar tárepinen orınlandı. Bul jantasıw rawajlanıwınıń úshinshi bsqıshınıń jáne bir tárepi sonda YUNESKO materialları hám hújjetlerinde tálimnen kútiletuǵın nátiyje sıpatında birqatar kompetenciyalar ajıratıp alına baslandı.

*Tórtinshi basqısh* kompetensiyalıq jantasıw kásiplik tálim, ulıwma tálim pánleri standartları mazmunına kiritiw menen baylanıslı. 2006-jılı 18-dekabr kúni Evropa parlamenti hám Keńesi úzliksiz tálim ushın tómendegi tayanısh kompetenciyalardı usınıs etti:

- Óz ana tilinde sóylese alıw;
- Shet tilinde sóylese alıw;
- Matematik kompetentlik, pán hám texnika tarawındaǵı tıykarǵı kompetenciyalar;
- Sanlı kompetentlik;
- Social hám puqaralıq kompetenciya;
- Isbilermenlik hám qızıǵıwshılıq tuyǵusı
- Mádeniyattan xabardar bolıw hám onı sáwlelendiriw;

## 2.2. Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde tariyx pánlerin oqıtıwda kompetensiyalıq jantasıw hám onıń áhmiyeti

XXI ásirde dúnyanıń rawajlanǵan mámleketlerinde tálim mazmunın modernizaciya qılıwdıń tiykarǵı baǵdarlarınan biri sıpatında tálimde kompetensiyalıq jantasıwdı engiziwge tiykarlanǵan tálim oqıwshılarda iyelengen bilim, kónlikpe hám qániygelerin óz shaxsiy, kásiplik hám social iskerliginde ámeliy qollay alıw uqıplılıǵın qáliplestiriwge baǵdarlanǵan tálim esaplanadı.

Búgingi kúnde ilim-pán, texnika hám islep shıǵarıw tarawlarınıń tez pátlerde jedel rawajlanıwı gúzetilmekte. Tálim-tárbiya processinde ulıwma tálim pánlerin oqıtıwdıń principial jańa metodologiyası sıpatında kompetenciyalıq jantasıwǵa tiykarlanǵan tálimdi engiziw siyasiy, ulıwma mámleketlik hám didaktik áhmiyetke iye bolǵan hádiyse esaplanadı. Dúnyanıń rawajlanǵan mámleketleriniń mámleket bilimlendiriw standartlarındaǵı tayanısh kompetenciyalardıń analizi búgingi kúnde bul máselege qaras hám jantasıwlar hár mámlekettiń bilimlendiriwden kózlengen maqseti, imkaniyatı hám shárt-shárayatlarınan kelip shıqqanlıǵın kórsetedi.

Ózbekistan Respublikasınıń 1997-jılı 29-avgusttaǵı «Bilimlendiriw haqqında» ǵı hám «Kadrlar tayarlaw milliy dásturi haqqında» ǵı nızamlarına muwapıq ulıwma tálim pánlerin oqıtıwdıń úzliksizligi hám izshilligin támiynlew, zamanagóy metodologiyasın jaratıw, orta hám orta arnawlı, kásip- óner tálimi mámleketlik tálim standartların kompetensiyalıq jantasıw tiykarında rawajlandırıw, oqıw-metodikaliq toplamlardıń jańa áwlatin islep shıǵıw hám ámeliyatqa engiziw maqsetinde Minstirler Kabinetiniń 2017-jılı 6-aprlede «Ulıwma orta hám orta arnawlı, kásip-óner táliminiń mámleketlik tálim standartların tastiyqlaw haqqında» ǵı Qararı qabıl etiledi. Ózbekistan Respublikasında tálimniń úzliksizligi, izbe-izligi, oqıwshı shaxsı hám qızıg`ıwshılıqları ústinliginen kelip shıg`ıp, olardıń jas ózgesheliklerine tán ráwishte pánge tiyisli hám tayanısh kompetentsiyalar qáliplestiriledi.

Mektep bilimlendiriw sistemasında kompetensiyalıq jantasıwǵa tiykarlanıp oqıtıw oqıwshılarda bilim, kónlikpe hám qániygelerdi óz aldına qáliplestiriwdi ǵana emes, bálkim olardı kompleksli túrde iyelewdi de úyretedi. Sonıń menen birge, oqıtıw metodları da ózgerip baradı.

*"Kompetenciya", "kompetentlilik"* túsinikleri tiltanıwda birinshi ret XX ásir ortalarında N.Xomskiy tárepinen qollanǵan bolıp, tilde isletiw processinde "iskerlikke baǵdarlanǵan bilim, kónlikpe hám qániygeler jıyındısı sıpatında", tálim tarawında bolsa "kompetenciyalıq jantasıw" sıpatında dodalanǵan bolıp, tálimde nátiyjelikti kórsetiwshi faktorlar sıpatında belgilep kórsetilgen.[41]

Sózliklerde olardıń mánileri túrlishe túsindiriledi. Atap aytqanda, "Ózbek tiliniń túsindirme sózligin" de kompetenciya sózine tómendegishe túsindiriledi: *«Kompetenciya* – (latınsha competere – uqıplı, múnásip bolıw)[42].

1) Anıq shólkem yaki ámeldar shaxstıń rásmiy hújjetlerde belgilengen wákillikleri sheńberi; wákillik.

2) Shaxstıń qandayda bir tarawdan xabardarlıǵı, sol tarawdı biliw dárejesi».

Til biliminde kompetensiyalıq jantasıw bilim alıwshılardıń úyrenip atırǵan tili materiallarınan hám alınǵan xabarlardan óz ómirlik iskerliginde aqılǵa muwapıq paydalana alıw uqıplılıǵın qáliplestiriwge baǵdarlanǵan tálim bolıp, oqıwshılarda ǵárezsiz pikirlew, belsendi puqaralıq poziciyaǵa iye bolıw, baslamashılıq, xabar-kommunikaciya texnologiyalarınan óz iskerliginde aqılǵa muwapıq paydalana alıw, sanalı túrde kásip-óner tańlaw, salamat baseki ortalıq hámde ulıwma mádeniy kónlikpelerdi payda etedi.

Kompetensiyalar eki tiykarǵı túrge: tayanısh hám jeke kompetensiyalarǵa bólinedi.

---

[41] Зимняя И.Н. Ключевые компетенции – новая парадигма результата образования // Ж.Высшее образование сегодня, №5. – Москва, 2003. – С.34-42.
[42] O'zbek tilining izohli lug'ati. 4-jild. – Toshkent: O'zbekiston milliy entsiklopediyasi davlat ilimiy nashriyoti, 2008. -267-bet.

*Tayanısh kompetenciyalar* insannıń shaxsıy, social, ekonomikalıq hám kásiplik múnásebetlerge kirise alıw, jámiyette óz ornın iyeley alıw, dus keletuǵın mashqalalardıń sheshimin sheshe alıw kónlikpelerin qáliplestiriw ushın islep shıǵılǵan;

*Komunikativlik kompetenciya* – social jaǵdaylarda ana tilinde hámde qanday da bir shet tilinde qarım-qatnasqa kire alıwdı, qarım-qatnasta sóylew mádeniyatına ámel qılıwdı, social beyimlesiw, sheriklikte toparda nátiyjeli isley alıw uqıplılıǵın qáliplestiriwdi kózde tutadı.

*Xabarlar menen islew kompetenciyası* – mediadereklerden zárúr maǵlıwmatlardı izlep tabıw, saylawdı, qayta islewdi, saqlawdı, olarda nátiyjeli paydalana alıw, olardıń qáwipsizligin táminlewdi, media mádeniyatqa iye bolıw uqıplılıǵın qáliplestiriwdi názerde tutadı.

*Jámiyetlik belsendi puqaralıq kompetenciya* – jámiyette bolıp atırǵan waqıya, hádiyse hám processlerge baylanıslılıǵın seziw, olarda belsendi qatnasıw, óziniń puqaralıq minnet hám huqıqların biliw, oǵan ámel qılıw, miynet hám puqaralıq múnásebetlerinde qarım-qatnas hám huqıqıy mádeniyatqa iye bolıw uqıplılıǵın qáliplestiriwdi názerde tutadı.

*Milliy hám ulıwma mádeniy kompetenciya* - watanǵa sadıqlıq, insanlarǵa mehr-áqibetli hámde ulıwma insaniy hám milliy qádiryatlarǵa isenimli bolıw, kórkem-óner shıǵarmaların túsiniw, azada kiyiniw, mádeniyat qaǵiydalarına hám salamat turmıs tárzine ámel qılıw uqıplılıqların qáliplestiriwdi názerde tutadı.

*Matematikalıq sawatqanlıq, pán hám texnika jańalıqlarınan xabardar bolıw hámde paydalanıw kompetenciyası* – anıq esap-kitaplarǵa tiykarlanǵan halda shaxsiy, shańaraq, kásiplik hám ekonomikalıq rejelerdi dúze alıw, insan miynetin jeńilestiretuǵın, miynet ónimdarlıǵın asıratuǵın, qolay shárt sharayatqa alıp keletuǵın pán hám texnika jańalıqlarınan paydalana alıw uqıplılıǵın qáliplestiriwdi

názerde tutadı. Bul kompetenciyalar ulıwma tálim pánleri arqalı oqıwshılarda qáliplestiriledi.

Bunnan tısqarı tálimde hár bir oqıw pánin ózlestiriw processlerinde oqıwshılarda, sol pánniń ózine tánligi, mazmunınan kelip shıqqan halda, hár bir pánge tiyisli jeke kompetenciyalarda qáliplestirilgen.

*Pánge tiyisli kompetenciya* - Tariyx páni boyınsha ulıwma orta hám orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriw mekemeleri pitkeriwshilerine tómendegi talaplar qoyıladı:

*Tariyxıy waqıyalıqtı túsiniw hám onı logikalıq izbe-izlikte túsine alıw kompetenciyası;*

*Tariyxıy derek hám ádebiyatlar menen islesiw kompetenciyası.*

Kompetenciyalıq jantasıwǵa tiykarlanǵan tálim oqıwshılarda bilim, kónlikpe hám qánigelerdi óz aldına qáliplestiriwdi emes, bálkim olardı kompleks túrde iyelewdi júzege keltiredi. Soǵan kóre, oqıtıw metodları da ózgeredi.

Tálimniń joqarı sıpatın hámde mámlekette ámelge asırılatuǵın tereń social reformalar, rawajlanǵan demokratik mámleket qurıw talaplarına juwap beriwshi kadrlar tayarlanıwın táminlew maqsetinde, ulıwma tálim pánlerin oqıtıwdıń principial jańa metodologiyası sıpatında kompetensiyaliq jantasıwǵa tiykarlanǵan mámleket tálim standartlarına say, oqıw metodik qollanbaların islep shıǵıw hám engiziwdi talap etedi.

## 2.3. Tariyxıy waqıyalıqtı túsiniw hám onı logikalıq izbe-izlikte túsindire alıw kompetenciyası

Ózbekistan Respublikasında tálimniń úzliksizligi, izbe-izligi, oqıwshı shaxsı hám qızıǵıwshılıqları ústinliginen kelib shıg`ıp, olardıń jas ózgesheliklerine tán ráwishte pánge tiyisli hám tayanısh kompetenciyalar qáliplestiriledi.

Kompetenciya – bul (latınsha, «erisemen, tuwrı kelemen» mánilerin bildiredi) subiekttiń maqsetti qoyıwı hám oǵan erisiw ushın sırtqı hám ishki zaxiralardı nátiyjeli ámelge asırıwǵa tayarlıǵı, basqasha qılıp aytqanda, bul subiekttiń belgili bir iskerlik obiekti menen baylanıslı máselelerdi nátiyjeli sheshiwge qaratılǵan shaxsiy qábileti. Qaraqalpaqstan tarıyx pániniń oqıtıwdıń maqsetlerinen biri de oqıwshılarda tayanısh hám tarıyx pánine tiyisli ulıwma hám kúsheytirilgen kompetensiyalardı qáliplestiriwden ibarat. Tariyx sabaqların oqıtıwda oqıwshılarda tómendegi pánge tiyisli kompetensiyalardı qáliplestiriw zárúr:

- Tariyxıy waqıyalıqtı túsiniw hám onı logikalıq izbe-izlikte túsindire alıw kompetensiyası
- Tariyxıy derek hám ádebiyatlar menen islew kompetensiyası

Tariyxıy waqıyalıqtı túsiniw hám onı logikalıq izbe-izlikte túsindire alıw kompetensiyası arqalı oqıwshılar: tariyxta jıl esabın biledi, tariyxqa tiyisli áhmiyetli fakt, waqıya hám processler haqqında maǵlıwmat bere aladı, óz pikir hám kóz-qarasların bayan etiwde tariyxıy bilimlerinen paydalana aladı. Bıraq, oqıwshılarda bul kompetenciyanı qáliplestiriwde oqıtıwshınıń bilimliligi hám sabaq mazmunın xronologiyalıq izbe-izlikte túsindire alıw sheberligi ayrıqsha áhmiyetke iye. Ásirese 5-6-klass oqıwshılarına sabaq ótkenimizde tarıyxıy dáwirler, biziń eramızǵa shekemgi hám biziń eramizdıń degen sózlerge túsinbewshilik bolıwı anıq. Sonıń ushın sabaq barısında oqıwshılarda xronologiyalıq túsinik payda etiw hám dáwirlerdi logikalıq izbe-izlikte túsindire alıw máselesi oqıtıwshınıń dıqqat orayında turıwı kerek. Oqıwshılarda sabaq temasına tiysli bolǵan jıllar hám sáneler menen baylanıslı faktlardı bekkemlewde «Sharxpalak» texnalogiyası, «Bingo», «Konseptual keste» sıyaqlı metodlardan

paydalana alsaq maqsetke muwapıq boladı. Tariyx sabaqlıqlarınan tariyxıy dáwirlerdi úyreniw dawamında integraciyalıq jandasıw, salistırıw hám jıllardın óz-ara analiz qılıw arqalı oqıwshınıń oylaw qábileti úzliksiz rawajlanıp baradı. Bul arqalı oqıwshılar úyrenilgen dáwirlerge múnásebet bildirip juwmaq shıǵara aladı.

Tariyxıy derek hám ádebiyatlar menen islew kompetenciyasın qálipsetiriw arqalı oqıwshılar: tariyxıy ilyustratsiyalar tıykarında gúrrińler dúze aladı, óz pikirin qosımsha materiallar ( slayd, videofilm ) járdeminde túsindire aladı, qosımsha ádebiyat hám dereklerden paydalana aladı. Máselen oqıwshılarǵa tariyxıy waqıyalıqtı túsindiriwde 6-klass Qaraqalpaqstan tariyxı páninen «Áyyemgi sawda jolları» temasın oqıtıwda tómedegiler áhimiyetli esaplanadi:

- Áyyemgi sawda jolları: - «Shah jolı», «Lazurit jolı», «Jipek jolı» haqqında túsinikke iye bolıw;
- Áyyemgi sawda jolların dáwirlerden kelip shıǵıp tarmaqlarǵa ajıratıw;
- Sawda jollarınıń ruwxiy hám mádeniy jańalıqlardı tarqatıwda tutqan ornı;

«Qaraqalpaqstan tarixinan «Áyyemgi sawda jolları» temasın oqıtıwda, oqıwshılarda tariyxıy eles hám túsiniklerdi payda etiwde Ullı Jipek jolındaǵı «Ullı» sózi arqalı joldıń uzınlıǵı hám kóp ásirler dawamında shıǵıs hám batıs xalıqların baylanıstırǵan eń áhmiyetli sawda jollarınıń biri ekenligi túsindiriledi.

Karta járdeminde Ullı jipek jolı baylanıstırǵan mámleketler aymaqların oqıwshılarǵa kórsetiledi. Sonday-aq «Jipek» sózin túsindirgenimizde, bul joldaǵı tıykarǵı ónimlerden biri jipek ekenligi, sol sebepli «Ullı jipek jolı» dep atama alǵanlıǵı haqqında aytamız. Jipektiń watanı Qitay ekenligi sır emes. Qitayda jipektiń payda bolıwı haqqında júda kóp ráwayatlar bar. Usı ráwayatlar tıykarında oqıwshılarǵa obrazlılıq penen túsindiriw arqalı tarıyxıy eles hám túsiniklerdi payda etemiz»[43]. Sebebi, oqıwshılarda tariyxıy bilim zaxirası az bolǵanlıqtan awız eki oqıtıw metodlarınan (gúrriń, ángime, túsindiriw) paydalanǵan halda oqıwshılarda

[43] R.Shamsutdinov, Sh.Karimov, S.Xoshimova «Vatan tarixi» - Tashkent, 2016.

tariyxıy eles hám tariyxiy túsiniklerdi qáliplestiriw áhmiyetli esaplanadı. Tarıyxıy elesti ásirese 5-6-klass oqıwshılarında qáliplestiriwde kóbinese obrazlılıq, illyustraciyalar, applikaciya, oqıw kartinaları qollanıladı.

Faktlar haqqındaǵı tariyxıy elesti payda etiwde sanlı maǵlıwmatlardı maqsetke muwapıq paydalanıw kerek. Máselen Ullı jipek jolınıń uzınlıǵı 12 mıń km ekenligin aytqanimizda oqıwshınıń itibarın tarta almaslıq múmkin. Egerde usı joldı qandayda bir aralıq mısalında yaki kartadan paydalanǵan halda, qaysı mámleketler aymaǵınań ótkenligi haqqında aytıp, kórsetsek oqıwshılarda qızıǵıwshılıq oyatadı.

Demek tarıyx páninen oqıtıwda tarıyxıy elesti qáliplestiriw hám faktlerden orınlı paydalanıw mektep oqıwshılarında ásirese, 5-6-klass oqıwshılarında tarıyxqa qiziǵiwshiliq, motivaciya hám kónlikpelerdiń payda bolıwına xizmet etedi.

*İllyustraciya.* Latınnıń «illustratio» sózinen kelip shıqqan bolıp teksti túsindiriwshi, talqılawshı, tolıqtırıwshı, kórsetiwshi mánisinde qollanıladı. Kórsetiwshi, súwretlewshi qurallar túrlerine plakat, karta, súwret, sxema, diagramma, keste, sızılma hám basqalar kiredi. Olardan paydalanıp sabaq ótiwge illyustraciya metodı dep júrgiziledi. İllyustraciya metodın paydalanıp sabaq ótiw oqıwshılardıń materialdı ańsat hám bekkem ózlestiriwine tiykar dúzedi, túsinik, qıyal jáne oylawdı rawajlandıradı. Oqıwǵa qızıǵıwdı, bilim alıwǵa unamlı qatnasıqtı qáliplestiredi, keńislik hám sanlı qatnaslar jónindegi túsinikti bayıtadı, estetikalıq tárbiyanıń ayırıqsha quralı bolıp xızmet etedi.

İllyustratsiya metodınan áńgime, gúrriń, túsindiriw, lektsiya hám basqa oqıtıw metodları menen birgelikte paydalanıladı. Sabaq barısında tariyx pánine tiysili bolǵan kompetensiyalardı oqıwshılarda qáliplestiriwde hár túrli metod hám usıllardan paydalanıw arqalı, Mámleketlik tálim standartlarında berilgen tiykarǵı maqset hám waziypalardı ámelge asırǵan bolar edik.

## 2.3. Tariyxıy derek hám ádebiyatlar menen islesiw kompetensiyası.

Jas áwladtı watan súyiwshilik, óz ana-jurtına sheksiz muhabbat ruwxında tárbiyalaw, tuwılǵan úlkemiz gózzallıǵına, babalar mártligine maqtanısh, ásirlik dástúrlerimizge húrmet sıyaqlı pazıyletlerdi qáliplestiriw, olarda milliy maqtanısh sezimlerin ósiriw sıyaqlı talaplar búgingi kúnniń eń baslı wazıypalarınan esaplanadı. Bul islerdi ámelge asırıwda mekteplerde, akademiyalıq licey hám kollejlerde tarıyx pánlerin oqıtıwda zamanagóy usıl hám qurallarınan orınlı paydalanıw hám oqıtıw processin durıs shólkemlestiriwge de baylanıslı. Solay eken tariyx pánin oqıtıwdıń tiykarǵı waziypalarınan biri sıpatında tariyxıy waqıya ha'm hádiyseler tiykarında «Tariyx - xalıq mánawiyatınıń tıykarı» ekenligin sińdiriw bolıp tabıladı. Tariyx oqıtıwda qollanılatuǵın tekstlerge – sabaqlıq mazmunı, tariyxiy hújjetler, shıǵarmalar, ilimiy hám kórkem tariyxiy ádebiyatlar hám basqalar kiredi. Oqıtıwshı tárepinen sabaqlıqta berilgen maǵlıwmat oqıp, túsindirip hám obrazlı roller menen jetkerip beriliwi lazım. Tariyxiy Derek hám ádebiyatlatdaǵı maǵlıwmatlar oıwshılarda tariyxiy dálillerdi jáne bir márte bekkemleydi. Bunda biz en dáslep oqıwshılarǵa sabaqlıq hám mazmunı ústinde islew jolların túsindirip beriwimiz tiyis.

*Sabaqlıq ústinde islesiwdiń tómendegi jolları bar:*

1) Túsindirip hám dodalap oqıw. 5-6-klass qaraqalpaqstan tariyxın úyreniwde oqıtıwshı pútkil bir tema yaki bir bólimin gá túsindirip, gá oqıp beredi. Oqıtıwshı temanıń qıyın jerlerine kelgende jikayasın toqtatıp, dawısın shıǵarıp ástelik penen oqıp beriwleri tiyis. Túsiniw ańsat bolǵan jerlerin oqıwshınıń ozine de oqıtıw múmkin. Oqıtıw juwmaǵında oqıtıwshı sorawlar berip oqıwshını tekserip turıwı zárúr;

2) Sabaqlıqtı úyreniwde onıń hár bir paragrafın analiz qılıw ham olar ústinde oqıwshılardıń pikirlerin tıńlaw úlken áhmiyetke iye. Sabaqtıń bárshe basqishlarında sabaqlıw penen islesiw maqsetke muwapıq;

3) Oqıwshılar bap, paragraf hám ondaǵı bólimlerdi bir-birinen ajırata biliwdi úyretiw zárúr;

4) Sabaqlıq mazmunıń ózlestiriw menen baylanıslı. Bul sabaqlıq ústinde alıp barılǵan jumıstiń baslı máselesi. Bul temanı analiz qılıw, ulıwmalastırıw, tariyxıy faktlerge baha beriw, olar ortasındaǵı sebep hám basqa baylanıslardı ashıp kórsetiw hám olardı salıstırıwdan ibarat;

5) Oqıwshılardı sabaqlıq mazmunıdan zárúr jerdi tez taba alıwdı úyretiw;

Sabaqlıq penen bunnan basqa da metodlardan paydalanıp islesiwimiz múmkin, bul arqalı oqıwshı tariyxiy derek hám ádebiyatlar menen islesiwi, olardıń iskerligi aktivlesiwi hám sabaqlıq mazmunıń puxta hám ańsat úyrenip alıwlarına járdem beredi.

Derek hám ádebiyatlar menen islesiw kompetenciyasın sińdiriw maqsetinde tómendegi metodtan paydalanıwımızǵa boladı:

*"Biblio tariyx" metodı* (8-11-klass oqıwshıları ushın). Jaslar hám oqıwshılar arasında kitapqa bolǵan qızıǵıwınıń tómenlep baratırǵanlıǵı, bársheni oylandırıp atırǵan waqıtta "Bibliotariyx" metodı járdeminde bul máseleni birqansha unamlı tárepke ózgertiw múmkin. Bunıń ushın oqıtıwshıdan joqarı bilim hám kónlikpe talap etiledi, shınıǵıwdıń nátiyjeside, oqıtıwshınıń sheberligine baylanıslı boladı.

Tariyx sabaqlarında derlik hár bir temanı ótiwde oqıwshılarda óz betinshe pikir, ózine tán dúnya qaras payda etiw áhmiyetli. Bunda hár bir sabaq temasına tiyisli kórkem ádebiyatlardan úzindi yaki syujet misal qılıp keltiriw menen oqıwshılarda sol shıǵarmanı oqıwǵa qızıǵıwshılıq payda etiw maqseti gózlengen. Eger bul shınıǵıw óz nátiyjesin berip oqıwshılarǵa temaga tiyisli usınıs etilgen kitaptı 5 oqıwshı oqıp úyrenip shıqsa, olardıń kitaptan alǵan bilimleri "Teńles – teńleske" princibi tıykarında basqa jáne birneshe oqıwshılardı da oqıp kóriwge qızıqtırıw múmkin.

Tıykarınan; 6-klass oqıwshılar ushın “Ahamaniylerdiń basqınshılıǵı” temasın oqıtıwda I.Yusupovtiń “Tumaris hám basqa poemalar” kitabın oqıw usınıs etilgen.

“Zardushtiylik dini” temasın úyreniw ushın J.Bazarbaev, Ǵ.Xojaniyazov. R.bazarbaev “Áyyemgi oks dáryasınıń tómenindegi zardushtiylik” kitabin oqıw usınıs etilgen.

8-klass oqıwshıları ushın “1827-1828-jıllarda Aydosbiy basshılıǵında xalıq kóterilisi” temasın úyreniw ushın qosımsha ádebiyat sıpatında T.Qayıpbergenovtın “Qaraqalpaq dástanı trilogiyasınan” (Baxıtsızlar romanın) oqıwdı usınıs etiw múmkin.

“1855-1856-jıllardaǵı Ernazar alakóz basshılıǵındaǵı xalıq kóterilisi” teması ushın T.Qayıpbergenovtın “Qaraqalpaq dástanı trilogiyasınan” (Túsiniksizler romanın) oqıwdı usınıs etiw múmkin.

“Ámiw boyındaǵı awıllar, qalalar, qorǵanlar, turaq jaylar hám xalıqtıń milliy kiyim-kenshekleri” temasın oqıtıwda qaraqalpaq er-jigitlerinin bas kiyim esaplanatın shógirme haqqında jazılǵan I.Yusupovtıń “Shógirme” qosıǵın oqıwshılarǵa yadlaw tapsırmasın beriwimiz múmkin.

“Ruwxiy mádeniyat” temasın úyreniw ushın M.Tlewmuratovtıń “Berdaqtıń shıǵarmalarında tariyxıy derekler” yamasa K.Sultanovtıń “Ájiniyaz” romanın oqıwdı usınıs etiw múmkin.

9-klass oqıwshılar ushın “XX ásir basındaǵı xalıq háreketleri” temasın úyreniw ushın Qulımbet shayırdıń “On toǵız” shıǵarması oqıw tapsırması beriliw arqalı biz oqıwshılardı joqaridaǵı kónlikpelerdi qáliplestiriwimiz múmkin.

## III-Bap. QARAQALPAQSTAN TARIYXIN ULIWMA BILIM BERIW MEKTEPLERINDE OQITIWDIŃ ZAMANAGÓY USILLARI

Biz Watanimiz tariyxi hám xaliqtıń ótmishin úyreniw arqalı búgingi kúni juwapkershilik sezimlerin qáliplestiremiz. Rawajlamwdiń jańa dáwiri bosaǵasında turǵanımizdi hám xalqimizdıń ulli keleshegine tiykar salıwǵa juwapker ekenligimizdi, qatnasıǵımızdıń bar ekenligin túsine baslaymiz. Haqıyqıy tariyxtı biliw jámiyetimizdiń hár bir puxarasınıń, ásirese jas áwladtıń ómirde óz jolıń tańlap alıwına, búgingi turmısımızdıń qádirine jetiwine hám keleshegin ańlap aliwına járdem beredi.

Ǵárezsizlik dáwirinde Qaraqalpaqstan mámleketshiliginiń qáliplesiwi hám rawajlanıw basqıshların anıqlaw; tariyx páni sociallıq sana jemisi ekenligi, sotsiallıq ilimler rawajlanıwında tariyx iliminiń áhmiyetli waqıyalar menen baylanıslı ekeligin biliw kónlikpelerine iye bolıwı kerek.

Gumanitar bilimlendiriw bilimlendiriwdiń basqa tarawlarına qaraǵanda oqıwshılarǵa eń úlken tárbiyalıq tásir kórsetedi. Gumanitar ilimler shaxs mádeniyatınıń rawajlanıwına belgili bir úlesin qosadı, al bilimlendiriw dástúrleriniń anagurlım bólegin quraytuǵın gumanitar pánler tek ǵana kásiplik bilimge iye joqarı mamanlıqqa iye bolǵan qánigelerdi qáliplestiriwge járdem beredi. Zamanagóy bilimlendiriw sistemasın payda etiwdiń áhmiyetli talaplarınan biri artıqsha ruwxıy hám fizikalıq kúsh jumsamay, qısqa waqıt ishinde joqarı nátiyjege erisiw bolıp tabıladı. Qısqa waqıt arasında belgili teoriyalıq bilimlerdi oqıwshılarǵa jetkizip beriw, olarda belgili iskerlik boyınsha kóńlikpe hám tájriybelerin payda etiw, sonday-aq, oqıwshılar iskerligin qadaǵalaw, olar tárepinen iyelengen bilim, kóńlikpe hámde tájriybeler dárejesin bahalaw oqıtıwshıdan joqarı pedagogikalıq sheberlik hámde bilimlendiriw processine jańasha jantasıwdı talap etedi.

Házirgi waqıtta bilimlendiriw hám tárbiya teoriyası hám praktikasına qatnas globalizaciya, integraciya, kompyuterlestiriw, internet tarmaǵın qollanıw hám kirgiziw, mediaqurallar, distancion, jekkelikke baǵdarlanǵan oqıtıwdıń tásirinde birqansha ózgerislerge ushramaqta. Bulardıń barlıǵı innovaciyalıq bilimlendiriw texnologiyasın qollanıwǵa alıp kelmekte. Bilimlendiriwde innovaciyalar degenimizde pedagogikalıq texnologiyalardı, oqıtıwdıń metodları, usılları hám quralları jetilsitiriw túsiniledi. Házirgi waqıtta innovaciyalıq pedagogikalıq iskerlik qálegen oqıw ornınıń belgili bir komponenti bolıp tabıladı.

Tek ǵana innovaciyalıq iskerlik bilimlendiriw xızmetleri bazarında anaw yamasa mınaw mekemeniń konkurentlikke uqıplılıǵın payda etiwge tiykar jaratıp qoymastan, pedagogtıń kásiplik ósiwi, onıń dóretiwshilik izleniwleri, tárbiyalanıwshılardıń jeke shaxs sıpatında jetilisiwine járdem beredi. Sonlıqtan innovaciyalıq iskerlik pedagoglardıń ilimiy-metodikalıq hám tárbiyalanıwshılardıń oqıw-izertlewshilik iskerlikleri menen tıǵız baylanıslı. Ayırım jaǵdaylarda burınnan belgili metodqa azǵana ózgeris kirgizilgen metodtı innovaciya dep ataydı.

İnnovaciyalar – adamnıń ayrıqsha iskerliginiń predmeti bolıp, ol dástúriy usıllar, metodalar, qurallar menen qanaatlanbaydı hám tek ǵana mazmunda jańalıqtı talap etip qoymastan, al sıpat jaǵınan jańa nátiyjelerdi qáleydi.

«İnnovaciya» (jańalıq kirgiziw) terminin «dástúriy» terminine antonim sıpatında aytıwmız múmkin, biziń kontekstimizde oqıtıwdıń eń jiyi ushrasatuǵın usılları, metodlarınıń jıynaǵınan tısqarı shıǵıwdı ańlatadı. M.V. Klarinniń aytıwınsha, reproduktiv oqıtıwǵa baǵdarlanǵan oqıtıwdaǵı dástúriy usıllar, metodlar, qurallar.

«Texnologiya» termini óndiris tarawınan alınıp, ol (grek tilinen - sheberlik) ónimdi jetistirip shıǵarıw protsessinde shiyki zattı islewdiń formaları, qásiyetleri, jaǵdaylarınıń ózgeriwi, tayarlaw, qayta islew metodlarınıń jıyındısına aytıladı.

Pedagogikalıq texnologiya óz mánisine kóre subektiv qásiyetke iye, yaǵnıy hár bir pedagog bilimlendiriw hám tárbiya processin óz imkaniyati, kásbiy sheberliginen kelip shıqqan halda shólkemlestiriwi lazım. Qanday forma, metod hám qurallar járdeminde shólkemlestiriwden qaramastan pedagogikalıq texnologiyalar:

- pedagogikalıq iskerlik (tálim-tárbiya processtiń) nátiyjeligin asırıwı;
- oqıtıwshı hám oqıwshılar ortasında óz ara birge islesiwdi qáliplestiriwi;
- oqıwshılar tárepinen oqıw predmetleri boyınsha puqta bilimlerdiń iyeleniwin támiyinlewi;
- oqıwshılarda ǵárezsiz, erkin hám dóretiwshilik pikirlew kóńlikpelerin qáliplestiriwi;
- oqıwshılardıń óz imkaniyatların júzege shıǵara alıwları ushın zárúr shárt-sharayatlardı jaratıwı;
- pedagogikalıq processde demokratiyalıq hám insaniylıq ideyalardıń ústinligine erisiwin kepillewi lazım;

## 3.1. Qaraqalpaqstan tariyxi pánin oqıtıwda aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyalardi qollanıw metodikası.

Bilimlendiriw tarawında keń tarqalǵan aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyalardıń biri «Case study» bolıp, ol (keys stadi) eń birinshi ret Garvard universitetiniń huquq mektebinde 1870 jılda qollanılǵan edi. 1920 jilda Garvard biznes-mektebi oqıtıwshıları yuristlerdiń oqıtıw tájriybesine súyenip, ekonomikalıq ámeliyattaǵı anıq jaǵdaylardı analizlew hám dodalawdı tálimniń tiykarǵı usılı etip tańlaǵanınan soń, bul oqıtıw metodı keń tarqala basladı.

Keys-stadi (inglizshe sase - toplam anıq jaǵday stady –tálim) keyste berilgen hám tálim alıwshılardı mashqalanı súwretlew hámde onıń maqsetke muwapıq túrdegi sheshimi variantların izlewge baǵdarlanǵan anıq real yamasa jasalma túrde jaratılǵan jaǵdaydıń mashqalalı-jaǵdaylı analiz etiliwine tiykarlanatuǵın tálim metodı.

Oqıw metodı retinde tómendegilerdi támiynleydi:

-úyrenilgen oqıw teması kursı boyınsha (teoriyalıq) bilimnen soń bilimlerdi bekkemlewdi;

-mashqalalardı analiz etiw hám qararlardı jeke tártipte yamasa topar menen qabıl etiw kónlikpelerin iyelewdi;

-dóretiwshilik hám úyreniw qábiletler logikalıq pikirlew hám ortalıq shárayatlarına maslasıw qábiletlerin rawajlandırıwdı;

-jańalıqqa, qararlardı óz betinshe qabıl qılıwǵa tayarlıǵın;

-juwapkershilik, ǵárezsizlik qommunikativlik hám empatiya refleksiyanıń qáliplesiwin;

**Tómendegi keys** jurtımız tariyxın biliwi; watanımız aymaǵında payda bolǵan eń áyyemgi diniy orınlardıń áyyemgi tas dáwirinen baslanıwı yaǵnıy alǵashqı diniy túsiniklerdiń payda bolıwı, marxumlardı daxm etiw dástúrleri, qoyımshılıqlardıń payda bolıwı haqqında: ruwhıy-milliy máseleler boyınsha óz kóz-qarasların ilimiy tiykarlawdı biliwi; óz qánigeligi jónelisinde turaqlı ráwishte konkurenciyaǵa shıdamlı ulıwma kásiplik tayarlıqqa iye bolıwı; jańa bilimlerdi ǵárezsiz iyeley alıw, óz iskerligin ilimiy tiykarda shólkemlestiriwi hám ózin kámillikke jetkeriw ústinde isley biliwi; bilimlendiriw baǵdarı boyınsha joqarı maǵlıwmatlı shaxslarǵa tiyisli lawazımlardıń bos orınlarında ǵárezsiz isley alıw tájiriybesi kónlikpesine iye bolıwı kerek.

*Keysti sheshiw processinde bul mashqalanı analiz etip, mashqalanıń aldın alıw jolların islep shıǵıwǵa háreket etiń.*

*Bul keysti sheshiw ushın tema boyınsha bilim hám kónlikpelerge iye bolıwı zárúr.*

*Berilgen keysti sheshiw tómendegi nátiyjelerge erisiwge imkaniyat beredi.*

- Ózlestirilgen tema boyınsha bilimlerdi bekkemlew.

- Mashqalanıń hám qabıl etilgen individual topar arasındaǵı analizinde bilim hám kónlikpelerdi qayta tapsırıw;
- Logikalıq pikirlerdi rawajlandırıw;
- Ǵárezsiz túrde qarar qabıl etiw kónlikpelerin iyelew;
- Oqıw maǵlıwmatın ózlestiriw dárejesin tekserip kóriw.

- **Qaraqalpaqstan tariyxın oqıtıwda Keysler dúzgende onın` waziypalarınıń qoyılıwına qarap: Sorawlarǵa tiykarlanǵan hám tapsırmalarǵa tiykarlanǵan bolıp qollanılsa durıs boladı. Sonday-aq keysler didaktik maqsetlerge kóre tómendegishe bólinse durıs boladı:**
- **1. Mashqalanıń sheshimin yaki kontseptsiyasın illyustratsiyalarda shıǵarıwǵa úyretiw;**
- **2. Trening- teması boyınsha tájiriybe hám kónikpelerdi shólkemlestiriw;**
- **3. Bahalaw hám pikir júritiwge úyretiw;**
- **4. Mashqalanı anıqlaw hám sheshimin tabıw, basqarıw qábiletlerin rawajlandırıw**
- **5. Jańa strategiya hám uslıllardı islep shıgıw.**

**1-Keys**

**<u>Qaraqalpaqstan tariyxınan Keysdin dúziliwi:</u>**

- **Tariyx páni muǵalliminiń sabaq procesinde oqıwshılarǵa bergen sorawlarina itibar beriń.**

- *Qalay oylaysızlar, ne ushın qaraqalpaqlarda namazgahlar bolǵan, al xanaqalar tiykarınan nege xızmet atqarǵan?*
- *Watanımız aymaǵında payda bolǵan eń áyyemgi diniy orınlardıń áyyemgi tas dáwirinen baslanıwı yaǵnıy alǵashqı diniy túsiniklerdiń payda bolıwı, marxumlardı daxm etiw dástúrleri, qoyımshılıqlardıń payda bolıwı haqqında ne ayta alasız? Olar kimlerdiń mápine xızmet etti? Qanday maqsetti gózledi?*

• *Teberik qadem jaylar degende nelerdi túsinesiz? Sultan Uvays Ibn al Garani, Ábiw Bakir Ash Shibiliy, Hákim ata, Suleyman Xadadiy Museviy, Ibn Musa Ibn Dawd Abu Abdallax Ah Narinjaniy, Seyd Ata Bul berilgen teberik hám muxaddes orınlar haqqında jazılǵan maqalalar, tezisler, ápsanalar, gazeta-jurnal betlerindegi materiallardı toplaw, olardı úyreniń hám analizleń.*

Joqarıdaǵı mashqalalı jaǵdaydı qanday táriyplep bergen bolar edińiz.

Joqarıdaǵı pikirlerden kelip shıǵıp qoyılıp atırılǵan tiykarǵı mashqalanı tabıń hám onıń kelip shiǵiw sebeplerin anıqlań.

*Ámeliy tapsırmalar.*

*1-ámeliy tapsırma.*

*“Bes minutlıq esse”.*

Jazba tapsırmanıń bul túrinde oqıwshılardan tómendegi eki tapsırmanı orınlaw: ne ushın qaraqalpaqlarda namazgahlar bolǵan, al xanaqalar tiykarınan ne xızmet atqarǵanlıǵı haqqında olar neni úyrengenliklerin óz betinshe bayan etiw hám olar juwabın ala almaǵan bir soraw beriw soraladı.

**2-ámeliy tapsırma.**

• **1-mısal.** Watanımız aymaǵında payda bolǵan eń áyyemgi diniy orınlar haqqında aytıp berińiz?

• **2-mısal.** Áyyemgi tas dáwirinen baslanıwı yaǵnıy alǵashqı diniy túsiniklerdiń payda bolıwı, marxumlardı daxm etiw dástúrleri, qoyımshılıqlardıń payda bolıwı haqqında aytıp beriń.

• **3-mısal.** Olar kimlerdiń mápine xızmet etti? Qanday maqsetti gózledi?

Siziń-she, bul mısallarda bayan etilgen pikirler Qaraqalpaqstan tariyxın úyreniw sıpatı hám nátiyjeliligine qanday tásir etti? Óz pikirińizdi “FSMU” metodı arqalı tiykarlań.

**3-ámeliy tapsırma.**

- Sultan Uays Ibn al Garani, Ábiw Bakir Ash Shibiliy, Hákim ata, Suleyman Xadadiy Museviy, Ibn Musa Ibn Dawd Abu Abdallax Ah Narinjaniy, Seyd Ata - bul orınlardıń ne maqsetten teberik hám muxaddes orınlar dep atalıwın túsindiriń.
- Búgingi kúnde de bul orınlar ne sebepten ziyarat orınlarına aylanǵan hám qanday karamatqa iye?
- Bul tariyxıy ahmiyetke iye teberik qadem jaylardıń izertleniw jaǵdayi qanday?

**Sorawlar**

1. Bunda avtor qanday mashqalanı kóterip shıqqan dep oylaysız?
2. Berilgen tekste mashqalanıń áhmiyetliligin kórsetiwshi qanday dáliylller bar?
3. Búgingi kúnde de bul orınlardıń ziyarat orınlarına aylanǵanın túsiniw arqalı biz… ?

*Ámeliy jaǵdaydı basqıshpa-basqısh analizlew hám sheshiw boyınsha talabalarǵa metodikalıq kórsetpeler.*

*Keysti sheshiw boyınsha individual is kórsetpesi (jol-jobası)*

1. Dáslep keys penen tanısın. Sultan Uvays Ibn al Garani, Ábiw Bakir Ash Shibiliy, Hákim ata, Suleyman Xadadiy Museviy, Ibn Musa Ibn Dawd Abu Abdallax Ah Narinjaniy, Seyd Ata haqqında túsinik payda etiw ushın bar bolǵan maǵlıwmattı dıqqat penen oqıp shıǵıń. Oqıw waqtında jaǵdaydı analiz etiwge háreket epteń.

2. Birinshi sorawǵa juwap beriń.

3. Keys-stadini 2- márte oqıń. Oqıǵanıńızda tómendegi belgilerdi belgilep qoyıń:

“D”-mashqalanı sıpatlawshı **dáliyiller**;

“S”-maǵlıwmatlardıń kelip shıǵıw **sebebi**;

“Sh U”- avtor tárepinen usınılǵan mashqalanı **sheshiw usılları.**

4. Bul belgiler sizge sorawlarǵa juwap beriwge járdem beredi.

*Hámme sorawlarǵa jazba túrde juwap beriń.*

**Toparlarda keysti sheshiw boyınsha jol-joba**

1. İndividual sheshilgen keys jaǵdayları menen tanısıp shıǵıń.
2. Topar sardarın tańlań.
3. Sorawlarǵa juwap jazadı
4. Jumıstı juwmaqlap prezentaciyaǵa tayarlań.

«Keys-stadi» texnologiyasın ámelge asırıw basqıshları

| Jumıs basqıshları | İskerlik túri hám mazmunı |
|---|---|
| **1-basqısh:**<br>Keys hám onıń xabar támiynatı menen tanısıw; | • Keys penen tanısıw (tekstli, audio yaki media kórinisinde);<br>• Xabardı ulıwmalastırıw;<br>• Xabar analizi;<br>• Mashqalalardı anıqlaw. |
| **2-basqısh:**<br>Keysti anıqlastırıw hám oqıw tapsırmasın belgilew; | • İndividual hám toparda islew;<br>• Mashqalalardı aktuallıq ierarxiyasın anıqlaw;<br>• Tiykarǵı mashqalalı jaǵdaydı anıqlaw. |
| **3-basqısh:**<br>keystegi tiykarǵı mashqalanı analizlew arqalı oqıw tapsırmasınıń sheshimin izlew, sheshiw jolların islep shıǵıw; | • İndividual hám toparda islew;<br>• Al`ternativ sheshim jolların islep shıǵıw;<br>• Hár bir sheshimniń imkaniyatları hám tosıqların analizlew;<br>• Al`ternativ sheshimlerdi tańlaw. |
| **4-basqısh:**<br>Keys sheshimin qáliplestiriw hám tiykarlaw, prezentatsiya. | • Jeke hám toparda islew;<br>• Al`ternativ variantlardı ámelde qollaw imkaniyatların ámelde qollaw;<br>• Dóretiwshilik-joybar prezentatsiyaların tayarlaw;<br>• Sońǵı juwmaq hám jaǵdaydıń ámeliy aspektlerin ashıp beriw. |

*1-Qosımsha*

**Bilimlerdı aktivlestiriw (blic-soraw, woylan-juplıqqa bóliniń- pikir almasıń, aukcion)**

**Keys-stadige kirisiw**

**Keys-stadi menen tanıstırıw**

**Keysti kishi toparlarda sheshiw (oqiw tapsirmani orinlaw, topar jumisi nátiyjelerin prezentaciyaga tayarlaw)**

**Prezentaciva**

**Mashqalalı jagdaydı berilgen sheshım variantların jámáátli turde talıqlaw**

**Topar jumısın óz-ara bahalaw**

**Oqıtıwshı rezyumesi**

**Oqıwshılardıń oqıw jeńislerin bahalaw**

*2-Qosımsha*

**Bahalaw kriteriyası**

Bul seminar sabağı 5 bahalıq sistema boyınsha bahalanadı.

| **№** | **Sorawlardağı juwaplardıń` tiykarlang`anlıgı 2 baha** | **Mazmunnıń durıs hám anıq jetkeriliwi, oylawdıń analizleniwi 2 baha** | **Belsendilik 1 baha** |
|---|---|---|---|
| 1 | | | |
| 2 | | | |
| 3 | | | |
| 4 | | | |
| 5 | | | |

**Sorawlı keysti talıqlaw boyınsha kórsetpe**.

(oqıtıwshılar ushın)

1. Eń keyingi soraw prezentaciya islenedi (toparlar tárepinen)
2. Jámáátlik túrde talıqlanadı.
3. Jazba túrde. Aqılıy hújim ótkeriledi.

**3-** ***qosımsha***

**Toparda islew qaǵıydaları:**

• hár á kim óz sherikleriniń sózrlerin mulayımlıq penen tıńlawı kerek;

• hár kim aktiv, birgalikte islewı, berilgen tapsırmalarǵa juwapkershilik qatnasta bolıwı kerek;

• hár kim járdemge mutáj bolǵanda járdem soraw kerek;

• hár kimnen járdem soralǵanda,járdem berıwı kerek;

• hár kim topar isi natijelerin bahalawda qatnasıwı kerek;

Hár kim aniq tusinıwı shárt:

• basqalarǵa járdemlesip,ózimiz úyrenemiz!

• biz bir kemedemiz: yamasa birge súzib shıǵamız yamasa birge shógip ketemiz!

**4-** ***qosımsha***

**Toparda talqılawdı ótkeriw qaǵıydaları.**

• Dodalawdı baslamastan aldın, temanıń problemasın, predmetin anıq qáliplestirip alıń. Talqılanıp atırǵan problemanı hámme túsinip qabıl etsin.

• Izbe-izlik penen sóyleń. Sóylep atırǵannıń sózin bólmew kerek. Eger kimde-kim sóylep baslasa qalǵanlar úndemew kerek.

• Dıqqat qoyıp tıńlań, sóylep atırǵannıń pikirın tusiniwge háreket etiń. Dıqqat penen tıńlaw korsetkishi-sóylep atırǵannıń pikirın, pozitsiyasın óz sózleri menen qayta aytıw uqıbı.

• Sóylep atırǵan óz húrmetine tiyetuǵın, ásirese negativ baǵdardaǵı bahalı pikirlerdi («jaman»,«jaman emes»,«mánissiz» hám basqalar) alıp taslań.

• Jeke qarım qatnasqa ótpeń. Sóylep atırǵannıń hár qanday jaǵdayda jeke pazıyletine tiymesten sózlerin kritikalaw yamasa talıqlaw mumkin.

• Kritika tiykarlı bolıwı kerek. «Bul bolmaydı» degen sózlerdıń ornına «sen máseleni nadurıs túsinipseń» dep, qosımsha kiritiń.

• Dıqqatımızdı qátelerge emes al usınıstaǵı rawajlandırıw, qosımsha qılıw mumkin bolatuǵın pikirdi tabıwǵa baǵdarlaw kerek?

• Ótkerilgen analizden qanday juwmaqlar qılıw mumkin?

• Talqılawǵa juwmaq jasań hám onıń nátiyjesinde jeterli dárejede barlıq topar aǵzalarınıń óz pikirleri menen qatnasıwına erisiń.

## KEYSOLOGTIŃ JUWAP VARİANTI

**Wazıypalar:**

- *Qaraqalpaqstan aymagındaǵı eń áyyemgi diniy orınlar hám dástúrler;*
- *Qaraqalpaqstandaǵı orta ásir musılman miyrasları;*
- *Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı teberik qádem jaylar.*



**Juwaplar:**

*1. Qaraqalpaqstan aymagındaǵı eń áyyemgi diniy orınlar hám dástúrler.* Áyyemgi tas (paleolit) dáwirinen baslap adamlarda hár qıylı diniy túsinikler payda boladı, taw taslarǵa kórgen haywanlarınıń súwretlerin salıwǵa bıyimlesedi. Usı jaǵdaylarǵa baylanıslı kórkem obrazlı etip súwretlew hám kórkem óner payda boladı. Marhumlardı jerlewdiń kútá ápiwayı túri - óliktiń ózin jerlew dástúri ádewir erterekte payda bolǵan. Orta tas ásirine tiyisli bunday dástúrlerdi Franciyanıń Muste, Qırımnıń Kiyik Koba, Ózbekstannıń Gissar taw dizbeklerinen, Tesik tash úńgirinen kóriwge boladı.

Neolit dáwirine tiyisli estelik dep Qaraqalpaqstannıń Qońırat rayonı aymaǵınan tabılǵan Qasqa jol qoyımshılıǵın aytıwǵa boladı. Bronza dáwirinde payda bolǵan úlkemizdiń qubla tárepindegi eski Aqsha dár`ya boyın jaǵalap jasaǵan qáwimlerdiń qoyımshılıq esteliklerin úyrengende olardan marhum menen birge qural jaraqlardıń qosa kómilgenligin kóremiz. Biybaha derek, Zardushtiylik dininiń muqaddes kitabı «Avesto» da Orta Aziya xalıqlarınıń dini hám diniy isenimleri haqqında maǵlıwmatlar berilgen. Onda jaqsılıq qudayı Axura-Mazda, jamanlıq qudayı Axriman haqqında hám olarǵa baylanisli jaqsılıq, jamanlıq ortasındaǵı máńgi gúresler tuwralı aytılıda.

«Avesto» da húrmetli qudaylar qatarında kún hám jaqtılıq qudayı Mitra, suw, ónimdarlıq qudayı Ardvisura Anaxitalar tilge alınadı. Zardushtiylik dástúrine tán ayrıqsha nárse - óli jerlew dástúri. Ólilerdiń etin súyeginen tazalaw ushın olardı arnawlı daxmalarda jayǵastırǵan. Bul jerde óliler qarǵa-quzǵınlar tárepinen etinen tazalanǵan soń adam súyekleri arnawlı islengen ıdıslarǵa (ossuariylerge) salınǵan. Mine usınday orınlardıń biri Xojeli rayonındaǵı Mizdakxan kompleksinde jaylasqan.

*2. Meshit-medreseler:* Qubla Aralboylarında júrgizilgen arxeologiyalıq izertlewler bul muqaddes jerde áyyem zamanlardan baslap ilim, bilimlendiriw,

mádeniyat, kórkem óner hám ádebiyattıń kúshli rawajlanǵanlıǵın kórsetedi. Ústúrt keńisliginde jaylasqan Aybúyir qaladan tabılǵan b.e.sh. V ásirge tiyisli jazıwlar jergilikli xalıqtıń bunnan 2500 jıl burın jazıw-sızıwdı bilgenliginen derek beredi.

Qoy qırılǵan qaladan tabılǵan astralubiya b.e.sh. IV-III ásirlerde aspan keńisligindegi qubılıslardı baqlaǵan astronomlar ilimiy jumıslar alıp barǵan orayı bolǵan. IX-X ásirlerde Buxarada Samaniyler maxbarası, Max meshiti, Termezde Char-Sutun meshiti, Samarqandta Arab ata maxbarası menen bir neshe musılman binaları salındı. Jergilikli xalıqtı musulmanshılıqqa tartıw ushın arab siyasatshıları dáslepki waqıtları juma kúni meshitke kelip namaz oqıǵan puqaralarǵa eki teńgeden berip turǵan. Meshitlerdiń payda bolıwı, rawajlanıw jolları birneshe basqıshlardan ibarat. Birinshi meshit 622-jılı Muhammed payǵambar basshılıǵında Mádinada salınǵan. Bul imarat keyin birneshe máretebe qayta salınıp búgingi kúnde Masjidi al` Nabiy (Payǵambar meshiti) degen at penen belgili. IX ásirlerden baslap meshitler atqaratuǵın xızmetine qaray bóline baslaydı:

- Jámi yamasa namaz meshiti;
- Qurban hám Ramazan haytlar meshiti;
- Namazgax meshiti;
- Ishki yamasa máhálle meshiti.

*Xanako:* Oraylıq Aziyada sufizmniń qáliplesip rawajlanıwı menen baylanıslı tiklengen qurılıslarǵa xanakolar jatadı. Olardı xalıq arasında «qalenderxana» dep te ataydı. Xanakolar tiykarınan el arasında jaylasqan eń belgili áwliyelerdegi úlken ulamalardıń qabirlerine yamasa qádem jaylarǵa jaqın jerlerge qurılǵan. Bunday xanakolar Xojelidegi Mizdakxan hám Nazlımxan sulıw kompleksinde belgili.

## 3.2. Qaraqalpaqstan tariyxın oqıtıwda arxeologiyalıq materiallardıń paydalanıw metodikası

Qaraqalpaqstan aymaǵı tariyxıy esteliklerge oǵada bay úlke bolıp, bul esteliklerdi ilimiy jaqtan tereńnen izertlew, tariyxımızdaǵı usı waqıtlarǵa shekemgi belgisiz bolıp kelgen kóplegen sorawlarǵa juwap bereri sózsiz. Qaraqalpaqstan aymaǵında XX-ásir 20-jıllar aqırı 30-jıllarınan baslap turaqlı arxeologiyalıq-izertlewler baslandı. A.Yu.Yakubovskiy, Ya.G.Gulyamovlar izertlewleri nátiyjesinde áyyemgi tariyxımızǵa tiyisli jańa maǵlıwmatlar ashıldı. S.P.Tolstov basshılıǵında 1937-jılı dúzilgen Xorezm arxeologiyalıq-etnografiyalıq ekspeditsiyası tárepinen alıp barılǵan turaqlı arxeologiyalıq izleniwler áyyemgi Xorezm tariyxın jánede keńirek ashıp kórsetti. A`yyemgi hám orta ásirler tariyxına tiyisli tariyxıy estelikler A.Yu.Yakubovskiy, Ya.G.Gulyamov, S.P.Tolstov, N.N Vakturskaya, E.E.Nerazik,A.V.Gudkova, A.Yu.Rappoport, V.N.Yagodin, M.Mambetullaev, Yu.P.Manılov. G. Xodjaniyazov, M.Turabekov, M-Sh.Kdırniyazov hám t.b. arxeolog-alımlar tárepinen ilimiy jaqtan úyrenilip hám izertlewler juwmaǵında kólemli ilimiy miynetler jarıq kórdi. Tariyxımız jańa maǵlıwmatlar menen tolıqtırıldı. Bul ilimiy miynetler arqalı Watanımızdıń neshe mıń jıllıq tariyxın úyreniw, ata-babalarımız tárepinen dóretilgen mádeniyat úlgileri menen jas áwladtı tanıstırıw imkaniyatı arttı.

Arxeologiya ilimi jetiskenliklerin tariyx sabaqlarında nátiyjeli paydalanıwdı jolǵa qoyıw, tariyx páni aldında turǵan áhmiyetli wazıypa, tariyxıy oy-pikirdi rawajlandırıwǵa keń imkaniyat jaratadı. Sonlıqtan da tariyx sabaqlarında arxeologiyalıq materiallardan keńirek paydalanıw bilim, kónlikpe, uqıplılıqtıń qáliplesiwinde ayrıqsha orın iyeleydi.

Oqıtıwshınıń sabaq barısında oqıwlıqtan tıs ádebiyatlardan paydalanǵan halda sabaqtı shólkemlestiriwi maqsetke muwapıq. Bul túrdegi sabaqlardı ótkeriwde oqıtıwshı ushın sabaq waqtında artıqsha kóp kúsh sarplanbaǵanlıǵı menen, sabaqqa tayarlanıw momentinde kóp izlenis talap qılınadı hám sabaq dawamında

oqıwshılardıń jumısın qadaǵalaw, olardı bahalawda joqarı sheberlik kórsetiwi zárúr boladı. Usı jerde XVIII ásir filosofı Jan Jak Russonıń tárbiya máselesi haqqındaǵı: «Eger siz óz oqıwshıńızdıń aqılın tárbiyalaǵıńız kelse, onıń aqılın basqaratuǵın kúshin tárbiyalań»- pikirleri qanshalıq haqıyqat ekenligine isenim bildireseń.

Sabaq barısına puxta tayarlanıw, tema boyınsha materiallar toplaw, olardıń tiykarında tarqatpa materiallar, kórgizbe qurallardı házirlew onıń nátiyjesin belgileydi. Sabaqlıqqa qosımsha, qızıqlı maǵlıwmatlardıń keltiriliwi oqıwshılardıń sabaqqa dıqqatın jámleydi. Álbette, sabaqta keń kólemdegi maǵlıwmatlardı interaktiv usıllarda jetkerip beriw múmkin. Bul ushın oqıtıwshı pedagogikalıq texnologiyalardı jaqsı ózlestirip alıwı kerek. «Pedagogikalıq texnologiya-oqıw processinde oqıwshılar hám oqıtıwshı ushın sózsiz qolay sharayatlar támiynlewdi jobalastırıw, shólkemlestiriw hám ótkeriw boyınsha puxta oylap shıǵılǵan birgeliktegi pedagogikalıq xızmet modeli»-dep aytqan edi V.V. Monaxov.

Oqıwshılarda tereń tariyxıy oy-pikirdi qáliplestiriwde zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıwdıń áhmiyeti ayrıqsha. Máselen: «Tariyx maydanshası» shınıǵıwın ótkeriw arqalı oqıwshılardı tariyxımızǵa baylanıslı ata-babalarımız qádiriyatları menen tanıstıramız. Bul shınıǵıw olarda óz pikirin tiykarlap beriw kónlikpesin rawajlandıradı. Shınıǵıwdı ótkeriw ushın hár bir toparǵa «Tariyx maydanshaları» sxeması sızılgan ½ flipchart, kartochkalar salıngan konvert tayarlanadı. Oqıtıwshı shınıǵıwdı baslawdan aldın tómendegi sorawlar tiykarında oqıw sáwbetin ótkeredi;

- Sizge Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı qanday tariyxıy estelikler málim?
- Bul esteliklerdiń salınǵan dáwirleri haqqında nelerdi bilesiz?

Bunnan keyin oqıtıwshı tárepinen úlkemizdegi tariyxıy estelikler, olardın túrleri haqqında maǵlıwmatlar beriledi.

1. Áyyemgi mákan jaylar, qalalar

2. Qoyımshılıqlar

3. Muqaddes orınlar

4. Korǵanıw qurılısları.

Oqıwshılar tariyxıy estelikler haqqında keńnen maǵlıwmatlarǵa iye bolıwı ushın «tariyx maydanshası» shınıǵıwı ótkeriletugınlıǵı aytıladı hám shınıǵıwǵa belsene qatnasıwǵa shaqıradı.

Oqıtıwshı oqıwshılardı 4 oqıwshıdan toparlarga bóledi hám A-4 qaǵazında sızılgan «tariyx maydanshası» (qosımsha-1) sxemasın kórsetip, wazıypanıń 1-bólimin orqnlaw boyınsha tapsırma beredi:

İtibar berin: «Tariyx maydanshası» sxemasında 4 túrdegi arxeologiyalıq esteliklerdiń túrleri jazılǵan:

- Áyyemgi mákan jaylar, qalalar
- Qoyımshılıqlar
- Muqaddes orınlar
- Qorǵanıw kurılısları.

Hár bir toparǵa kartochkalar qıyıp salınǵan konvert tarqatıladı. Kartochkalar stol ústine jayıladı hám topardaǵı barlıq qatnasıwshılar kartochkalardı óz-ara teń muǵdarda bólisip aladı. Oqıwshılar topardaǵı basqa qatnasıwshılar menen sóylespesten hár biri kartochkanı oqıp shıǵadı.

**Oqıwshılarǵa tapsırma**: Kartochkalardaǵı qoyılǵan sanlarǵa itibar bermeń olar házirshe hesh qanday áhmiyetke iye emes. Siziń názerińizshe, kartochkada jazılǵan arxeologiyalıq estelik túrleri qaysı túrdegi esteliklerge tiyisli, dep esaplasanız, joldaslarınız penen oylaspay «Tariyx maydanshası» sxemasındaǵı tiyisli bólimlerge qoyıp shıǵıń.

Barlıq qatnasıwshılarǵa tapsırma túsinikli bolǵanlıǵına tolıq isenimli bolǵannan keyin, oqıtıwshı «Tariyx maydanshası» sxeması sızılǵan A-4 kaǵazı

hám konvertlerin tarkatadı hám tapsırmanı orınlaw ushın ajıratılǵan waqıttıń baslanǵanlıǵın bildiredi. Toparlar wazıypanı orınlawǵa kirisedi. Keyin, oqıtıwshı tárepinen toparlarǵa tapsırmanıń ekinshi bólimi aytıladı: joldaslarıńız qoyıp shıqqan kartochkalardı birme-bir tekserip shıǵıń. Siziń pikirińshe, qandayda bir kartochkalar mazmunı boyınsha basqa bólimge túsip qalǵan bolsa, sol kartochkanı óz-ara máslahatlesip, tiyisli bólimge ótkerip qoyıwıńız múmkin. Kartochkanı bir bólimnen ekinshisine ótkeriwden aldın ne ushın kartochka basqa bólimge qoyılıwı kerek ekenligin tiykarlaytuǵın dáliller tabıwǵa háreket qılıń.

Bunnan keyin oqıtıwshı qatnasıwshılarǵa «Sizińshe, barlıq arxeologiyalıq estelikler kvadratlar ishine tuwrı qoyıldıma? sorawı menen múrájat etedi». Qatnasıwshılardıń juwapları tıńlap bolınǵannan keyin, oqıtıwshı hár dayım da adamlar olardın túrlerin tuwrı ajırata almaytugınlıǵın aytadı hámde 3-qosımshada tablitsa sızılǵan flipcharttı taxtaǵa ilip qoyadı. Oqıwshılar óz nátiyjelerin flipchartta berilgen sanlar menen salıstırıp, tekserip shıǵadı hám kerek bolsa, basqa kvadratlarǵa túsip qalǵan kartochkalardaǵı tiyisli kvadratlarǵa qoyıp shıǵadı. Shınıǵıw orınlanıp bolǵannan soń, talqılaw ótkeriledi.

- Shınıǵıw sizge jaqtıma? Ne ushın?
- Arxeologiyalıq estelikleridiń qanday túrlerin bilip aldıńız?
- Jeke óziniń islegende ózinizdi qanday sezdińiz?
- Ekileniwińizge sebep bolǵan estelik túrleri ushıradıma? Olardı nelerge tiykarlanıp kvadratlarǵa bólistirdiniz?
- Doslarınız aytqan qanday dáliyller esteliklerdi basqa kvadratlarǵa kóshiriwge sebep boldı?
- Usı waqıtları doslarıńız benen qanday islediniz?
- Shınıǵıw waqtında arxeologiyalıq estelikler haqqında kóz-qarasıńız ózgerdime? Awa bolsa, juwabınızdı túsindirip beriwge háreket etiń

Shınıǵıw barısında bazı toparlar kartochkalardı túrlerge nadurıs ajıratıp qoyıw itimalı úlken. Bul tábiyiy jaǵday. Eger bunday jaǵday júz berse, oqıtıwshı bul toparlardı kemsitpesligi lazım. Sebebi, shınıǵıw arxeologiyalık esteliklerdiń túrlerin bilip alıwǵa baǵdarlanǵan. 3-qosımshadaǵı keste menen islegen waqıtta qatnasıwshılar ózleri jol qoyǵan qátelerdi durıslap alıw imkaniyatları bar. Usı waqıtta qaysı toparda neshe kartochka basqa kvadratka túsip qalǵanlıǵın soraw múmkin. (qosımsha- 1)

Demek, bul túrdegi sabaqlar birinshiden, oqıwshılarda tariyx sabaǵına bolǵan qızıǵıwshılıǵın oyatsa, ekinshiden, olardıń keń kólemde tariyxıy maǵlıwmatlarǵa iye bolıwına, úshinshiden, arxeologiyalıq materiallar menen islesiw usılların úyreniwge baǵdarlaydı.

*Áyyemgi mákan jaylar, qalalar:* **(qosımsha- 1)**




**(qosımsha- 2)**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1. Dingildje | 33. Aqshaxan qala ot xramı | 12. Esen-3 | 11. Gauir qala | 15. Jarınqudıq |
| 26. Mazlumxan Sulıw maxbarası | 10. Kerder | 18. Kuyik qala | 32. Keshirmes baba | 25. Al`-Fir |
| 9. Guldirsin | 24. Jambas-4 | 14. Karawıl minarı | 23. Shamun-Nabi | 19. Narinjan baba |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | maxbarası | |
| 8.Shegara bekinisleri | 35.Kandek | 7. Shoraxan | 34. Aybuyir valı | 13. Kampirik diywalı |
| 31. Jomart kassap | 16. Akshaxan diyualı | 27. Paygambar qızı | 20. Qorgan diywalı | 30 Xalfa Erejep |
| 4. Shılpık | 21. Duana | 5. Tok qala nekropoli | 29. Qulpı tas | 6. Sultan Uays baba |
| 22. İslam dini jerlew maresimleri | 28. Kenotaf | 17. Daxma | 3. Ossuariy | 2. Kóshe-2 |

**(qosımsha- 3)**

**Kartochkalardı salıstırıw kestesi**

| Áyyemgi makan jaylar, qalalar | Qoyımshılıqlar | Muqaddes orınlar | Qorǵanıw qurılısları |
|---|---|---|---|
| 1, 7, 9, 10, 11, 12, 15, 18, 24, 25, | 2, 3, 4, 5, 6, 17, 22, 28, 29, | 19, 21, 23, 26, 27, 30, 31, 32, 33 | 8, 13, 14, 16, 20, 34, 35 |

### 3.3. Qaraqalpaqstan tariyxın oqıtıwda «İnteraktiv» metodlardan paydalanıwdıń áhmiyeti hám olar boyınsha úlgi sabaq islenbeleri.

«İnteraktiv» sózi anglishan tilinen kelip shıqqan «interast», «inter» birgelikte, «ast» háreket etiw degen mánisti ańlatadı. İnteraktiv –birgelikte háreket etiw metodı maǵanalarında qollanıladı.

İnteraktiv oqıtıw dialogiyalıq xarakterde alıp barı-ladı, muǵallim oqıwshı, oqıwshı-muǵallim, oqıwshı-kompyuter menen qarım-qatnasıqqa túsedi. İnteraktiv oqıtıw-biliw xızmetin shólkemlestiriwdiń ayrıqsha túri. Onda oqıwshınıń ózligin hár tárepleme júzege shıǵarıw ushın hámme jaǵdaylar jaratıladı. Barlıq oqıwshılar biliw procesine qatnastırıladı, bilgeni hám oylaǵan oyı haqqında óziniń pikirin aytıw múmkinshiligine iye boladı. Oqıw materialın ózlestiriwge hár bir oqıwshı jeke úles qosadı, alǵan bilimi, ózlestirgen ideyası, xızmet ádisi haqqında joldasları menen ortaqlasadı. Biliw protsesi haqniyetlilik hám bir-birewdi qollap-quwatlaw túrinde shólkemlestiriledi. Bunıń nátiyjesinde oqıwshılar jańa bilimdi tez ózlestirip aladı, biliw iskerligi jetilisedi, birgelikte islesiw joqarı basqıshqa kóteriledi. İnteraktiv oqıtıw bes elementten turadı; óz-ara paydalı hárezlilik, jeke juwapker-shilik, óz-ara hárekette járdem beriw, birgelikte jumıs islew kónlikpesi, toparda islew. Oqıwshılar dialogiyalıq oqıtıw barısında sınshıl oylawǵa, quramalı mashqalalardı sheshiwge, uqsas pikirlerdi salıstırıp kóriwge, «jeti márte ólshep, bir márte kesip» sheshim qabıl etiwge, pikir talasına qatnasıwǵa, balalar menen pikirlesiwge úyrenedi. Bunıń ushın sabaqta jeke oqıwshıǵa, eki oqıwshıǵa hám topar oqıwshıları-na birgelikte jumıslar shólkemlestiriledi. İzertlew joybarları qollanıladı, rolli oyınlar oynaladı, xabar derekleri menen jumıslar alıp barıladı, dóretiwshilik jumıslardan paydalanıladı.

Oqıtıwdıń interaktiv metodları oqıwshılardı kútá jedellestiredi, olardıń biliw múmkinshiliklerin iske qosadı, oqıw procesine jarıs elementin kirgizedi, jeke oqıwshınıń jumıs nátiyjesinen topar oqıwshıları jumıs nátiyjesiniń artıqmashlıǵın kórsetedi. Sabaqta birge islesiw keypiyatın payda etedi. Nátiyjede bilim beriwshi hám oqıwshılardı birge islesiwge úyretiwshi ortalıq qáliplesedi.

İnteraktiv oqıtıw metodı muǵallimge tómendegi máselelerdi sheshiwde úlken járdem beredi: Sabaq temasına oqıwshılardı qızıqtırıw, oqıw materialın bekkem ózlestiriw, sınshıl oylawın rawajlandırıw, baylanıs kónlikpelerin qáliplestiriw, barlıq oqıwshılardı oqıw xızmetine jedelli qatnastırıw, oqıw toparında eń qolaylı psixologiyalıq jaǵday jaratıw, t.b. Oqıwshılardı interaktiv qarım-qatnasıqqa úyretiwdiń maqul jolı trening sabaqlar, oyınlarǵa, aqılıy hújim, pikir talası, júzbe-júz pikirlesiw, dóńgelek stol átirapında ashıqtan-ashıq sóylesiw hám basqalarǵa qatnastırıw bolıp esaplanadı.

Oqıtıwdıń interaktiv metodların qollawǵa mına talaplar qoyıladı[44];

—Sabaqqa barlıq oqıwshılardı jedelli qatnastırıw;

—Oqıwshılardı sabaqqa psixologiyalıq jaqtan tayarlawǵa, ózligin hártárepleme júzege shıǵarıwǵa eń qolaylı sharayat jaratıw;

—İnteraktiv texnologiyasına úyreniwshiler 25-30 oqıwshıdan aspawı kerek. Sonda ǵana kishi toparlardaǵı jumıslar nátiyjeli boladı, hár bir oqıwshını tańlaw, hár bir oqıwshınıń mashqala boyınsha shıǵıp sóylewine erisiw múmkin;

—Sabaq xanası hámme tárepten talapqa juwap beretuǵın dárejede tayarlanıwı, kishi hám úlken toparlardıń jumıs islewine qolaylı bolıwı hám hámmeniń sabaqtı alıp barıwshını kóriwge múmkinshiligi bolıwı tiyis;

—Sabaqtı ótkeriw tártibine hám waqtına ayrıqsha áhmiyet beriw, bul haqqında oqıwshılar menen sabaqtıń basında kelisip alıw. Basqalardıń pikirine shıdaw, hár bir oqıwshınıń shıǵıp sóylew huqıqın hám qádir-qımbatın húrmetlew;

—Sabaq qatnasıwshıların toparlarǵa bóliwge úlken kewil bóliw.

Bul talaplardı ámelge asırıw interaktiv oqıtıw metodların dóretiwshilik penen sheber qollawǵa múmkinshilik jaratadı.

---

[44] Ergashev R.X. Interaktiv usullarni ta`lim tizimiga joriy etish tajribasi, // Uslub va vositalari. //Ta'lim texnologiyalari, 2006 yil 2-soni.

**Ulıwma orta tálim mekteplerinde Qaraqalpaqstan tariyxın oqıtıwda «İnteraktiv» metodlardan paydalanılǵan ÚLGI sabaq islenbeleri**

**1-Úlgi sabaq islenbesi:**

**7-klass Qaraqalpaqstan tariyxı**

**§7-8. VIII – XI ásirdegi Kerder mádeniyatı**

**Sabaqtıń maqseti:**

**a) Bilimlendiriwshilik maqseti:** Oqıwshılardıń Kerder elatı hám olardıń turmıs tárizi, qalaları, mádeniyatı hám sol dáwirde Xorezmlilerdiń basqa eller menen baylanısları haqqındaǵı bilimlerin arttırıw;

**b) Tárbiyalıq maqset:** Mádeniyat, civilizaciya, mámleketshilik túsinikleriniń joqarı dárejede ekenligin túsindiriw hám bilimlerin jetilistiriw;

**c) Rawajlandırıwshı maqset:** Oqıwshılardı erkin pikirlewge hám olardıń dúnya qarasın keńeytiriwge baǵdarlaw;

**Sabaqtı qurallandırıw:**

**Texnik quralar**: proyektor, kompyuter.

**Sabaq túri**: dásturiy emes

**Sabaq metodi:** Awiz eki gúrriń, aqlıy hújim, Sharxpalak texnologıyası hám blic soraw-juwap

**Kompetenciya:**

Óz pikirin awızeki hám jazba túrde anıq hám túsinikli bayan qıla alıw, temadan kelip shıǵıp sorawlardı logikalıq tuwrı qoya alıw hám juwap beriw;

**Milliy hám ulıwma mádeniy kompetenciya:**

watanǵa sadıqlıq, insanlarǵa mehr-áqibetli hámde ulıwma insaniy hám milliy qádiryatlarǵa isenimli bolıw

**Pánge tiyisli kompetenciyalar:**

- Tariyxiy waqiyaliqti túsiniw ha’m oni logikaliq izbe-izlikte tu’sindire alıw kompetensiyasi:
- Tariyxiy shaxslar haqqında maǵlıwmat bere alıw, tariyxiy sánelerde júz bergen waqıyalar haqqında maǵlıwmat bere alıw;

**Sabaq barısı:**

| | | |
|---|---|---|
| I | Shólkemlestiriwshi bólim | 3 minut |
| II | Úyge tapsırmanı soraw | 12 minut |
| III | Jańa sabaq temasın tùsindiriw | 10 minut |
| IV | Ótilgen temanı bekkemlew | 15 minut |
| V | Sabaqtı juwmaqlaw | 3 minut |
| VI | Úyge tapsırma | 2 minut |

**I. Sho’lkemlestiriw**. Oqıwshılardıń dıqqatın sabaqqa qaratıw, klasta sabaq ótiw ortalıǵın jaratıw. Toparlarda islew ushin oqıwshılarǵa sanlar jazılǵan kartochkalar tarqatıladı, olar kartochkalardaǵı saylaǵan sanları tiykarında tórt toparǵa bólinedi. (3 minut)

**II. Úyge tapsırmanı soraw:** Bunda hár bir toparǵa úyge tapsırmaǵa berilgen tema boyınsha bir sorawdan beriledi, topar aǵzaları birgelikte sorawlarǵa juwap jazadı hám tapsırma juwmaqlanǵannan soń topar sárdárı juwapların oqıp esittiredi. (12 minut)

| | | |
|---|---|---|
| **1-topar** | Tahriyler hám Samaniyler dáwirinde Xorezm | 873-jılǵa shekem Xorezm Taxiriyler húkimdarlıǵı astında boldı. Taxiriyler húkimdarı Abdulla ibn Taxir (830-844) dáwirinde Xorasan hákimligi quramına Mawarawnnaxr hám Xorezmde kirgen. Abdulla ibn Taxir Ústirtte jasap atırǵan oǵuz qáwiminiń shabıwıllarınan ózinin iyelep atırǵan jerlerin qorǵaw ushın Dixistan hám Farabada bekinis qorǵanlar saldırǵan.<br>Samaniler dáwirinde Xorezm ekige bólingen. Ámiwdáryaniń oń tárepin afriǵıyler dinstiyası basqarǵan. Ámiwdáryanıń shep tárepin Samaniylerdiń qoyǵan ámirleri basqarǵan. |
| **2-topar** | Xorezmliler | |

| | | |
|---|---|---|
| | diń xojalıǵı | |
| **3-topar** | Xorezm qalalarınıń rawajlanıwı | |
| **4-topar** | Gawirqala hám Mizdakxan | |

**III. Jańa sabaq temasın túsindiriw.** Jańa tema mazmunı tómendegishe awız eki gúrrıń metodında prezentaciya materiallarınan paydalangan halda (aqliy hújim tıykarında) túsindiriledi (10 minut)

Ámiwdárya quyarlıǵınıń oń jaǵalıǵında Xorezmniń arqa tárepindegi keń paytaxt sahralar "Kerder jeri" dep atalǵan. Kerder jeri tuwralı XI ásirdegi arab-parsı tariyxshılarınıń miynetlerinde kóplep ushırasadı. Kerder wálayatınıń bas qalası Kerder. Ol házirgi Nókis rayonı aymaǵında jaylasqan Haywanqala esteligi.

Kerderliler kopmleksli xojalıq – sharwashılıq, dıyqanshılıq, balıqshılıq



**IV. Ótilgen temanı bekkemlew.** Taza tema mazmunıń bekkemlew maqsetinde tómendegi shınıǵıwdan paydalanımız. Bunda oqıwshılar esteliklerge tiyisli maǵlıwmatlardı tuwrı belgilewleri tiyis. ( 15 minut )

| Aymaqlar | Tókqala | Haywanqala | Qorǵansha | Kúyikqala |
|---|---|---|---|---|
| Shortanbay arnasınıń shep jaǵalıǵında jaylasqan | | + | | |
| Jergilikli xalıq onı "Qoblandı qala" dep ataǵan | | | + | |
| Qala A.V.Gudkova tárepinen izertlenedi | + | | | |
| Qalashanıń aymaǵı 41 gektar | | | | + |
| Qaladan ossuriyler qoyımshılıǵı tawılǵan | + | | | |
| Taxtakópir rayonı orayınan 17 km qashıqlıqta jaylasqan | | | + | |
| Shortanbay, Iyshanjap, Bekjap hám Arzijap kanalları menen suwǵarılǵan | | | | + |

**Blic sorawlar hár bir topardan bir oqıwshıdan shıǵıp jańa tema boyınsha sorawlarǵa juwap beriw kerek.**

1. Kerder mádenyatı neshinshi ásirlerdi óz ishine aladı? VIII-XI ásirler
2. 1135-1136-jılları Xorezmde bolǵan sayaxatshı? Al-Gartaniy
3. Haywanqala qayjerde jaylasqan? Nókis rayonında
4. "Tókqala" shıǵarmasınıń avtorı kim? V.A.Gudkova
5. Tapankuk degenimiz ne? Qutı (súyek saqlaǵısh ıdıslar)
6. Kim Ústirt tegisligine shıǵatuǵın sawda jolın jazıp táripleydi? Ibn Fadlan
7. VII ásir ortalarında dúzilgen mámleket? Xazar xanlıǵı
8. Plano Karpaniy qashan jasaǵan? XIII ásir
9. Kim Xorezm hákimligi ayrım waqıtları Xazarstannıń bır qatar qalaların basıp aladı? Al-Makdisi

**V. Sabaqtı juwmaqlaw: (3 minut)**

1) Oqıtıwshı oqıwshılardıń berilgen sorawlarǵa aytqan juwapların bahalaydı;
2) Jańa tema boyınsha payda bolǵan sorawlarǵa juwap beredi;

**VI. Úyge tapsırma beriw: (2 minut)**

Tema sońında berilgen soraw hám tapsırmalar menen islesiw. Ótilgen tema mazmunı menen oqıp tanısıw

## 2-Úlgi sabaq islenbesi:

8-klass Qaraqalpaqstan tariyxı

## §9. 1827-1828- jıllardaǵı Aydos biy basshılıǵındaǵı xalıq kóterilisi

**Sabaqtıń maqseti:**

**a) Bilimlendiriwshilik maqseti:** Oqıwshılardıń 1827-1828-jıllarda Xiywa xanlıǵına qarsı kóterilgen qozǵalań hám onıń nátiyjeleri haqqındaǵı bilimlerin arttırıw;

**b) Tárbiyalıq maqset:** Salıqlar hám olardıń ádalatsızlıǵı, sl dáwirdegi qaraqalpaq xalqınıń turmıs dárejesin túsindiriw hám bilimlerin jetilistiriw;

**c) Rawajlandırıwshı maqset:** Oqıwshılardı erkin pikirlewge hám olardıń dúnya qarasın keńeytiriwge baǵdarlaw;

**Sabaqtı qurallandırıw:**

**Texnik quralar**: proyektor, kompyuter.

**Sabaq túri**: dásturiy emes

**Sabaq metodi:** Awiz eki gúrriń, Infogramma, Blic soraw-juwap metodları hám Kim tariyxshı bolıwdı qáleydi oyın shınıǵıwı

**Kompetenciya:**

Óz pikirin awızeki hám jazba túrde anıq hám túsinikli bayan qıla alıw, temadan kelip shıǵıp sorawlardı logikalıq tuwrı qoya alıw hám juwap beriw;

**Milliy hám ulıwma mádeniy kompetenciya:**

watanǵa sadıqlıq, insanlarǵa mehr-áqibetli hámde ulıwma insaniy hám milliy qádiryatlarǵa isenimli bolıw

**Pánge tiyisli kompetenciyalar:**

- Tariyxiy waqiyaliqti túsiniw ha'm oni logikaliq izbe-izlikte tu'sindire alıw kompetensiyasi:
- Tariyxiy shaxslar haqqında maǵlıwmat bere alıw, tariyxiy sánelerde júz bergen waqıyalar haqqında maǵlıwmat bere alıw;

## Sabaq barısı:

| | | |
|---|---|---|
| I | Shólkemlestiriwshi bólim | 3 minut |
| II | Úyge tapsırmanı soraw | 10 minut |
| III | Jańa sabaq temasın tùsindiriw | 12 minut |
| IV | Ótilgen temanı bekkemlew | 15 minut |
| V | Sabaqtı juwmaqlaw | 3 minut |
| VI | Úyge tapsırma | 2 minut |

**I. Shólkemlestiriw**. Oqıwshılar menen sálemlesip, qatnastı anıqlaw, oqıwshılardıń dıqqatın sabaqqa qaratıw, klasta sabaq ótiw ortalıǵın jaratıw. (3 minut)

**II. Úyge tapsırmanı soraw: (ótilgen tema Balıqshılıq, ónermentshilik, sawda hám salıq sisteması)** Ótilgen temanı soraw ushın oqıwshılardı úsh toparǵa ajıratamız. Bunda hár bir qatar bir toparǵa birlesedi;

**a)** **"Blic soraw juwap"** shınıǵıwınan paydalanamız**.** Taxtaǵa birden on beske shekemgi sanlar jazıladı. Oqıwshılar tárepinen sanlar saylanıwı arqalı olarda berilgen sorawlar oqıladı; ( 10 minut )




**Blic sorawlar**

1. Kim Qaraqalpaqstan jerlerinde birneshe balıqshılıq rayonların kórsetip beredi? I.N.Bogdanov

2. Hár jılı Sharjawǵa neshe kemede balıqlar tasılǵan? 150-300 kemede

3. Xiywa xanlıǵında ónermenthiliktiń qansha túri bar? 50 den aslam

4. XIX asirde jasaǵan Aral teńizi boyında jasaǵan zerger kim edi? Arzımbet

5. Úyshiler piri ne delinedi? Ibrayim Xalil

6. 1873-jılı Shimbay qalasına kelgen sayaxatshı? A.Kun

7. Qaraqalpaqlardıń tiykarǵı sawda orayları qaysı qalalar? Qońırat, Shimbay, Xojeli

8. Qońiratta neshe sawda dúkanı bar? 350

9. Qaysı Xiywa xanı salıq tólew isinde tártipler ornatqan? Muhammed Raximxan

10. 10 tanap jerden qansha salıq alınǵan? 2 úlken tilla

11. 1872-jılı qaraqalpaqlar qansha salıq jiynaǵan? 22 miń 247 kishi tilla

12. Qaraqalpaqlar jılına qansha adam qazıwshı tawıp beriwi kerek bolǵan? 6 miń

13. Qaraqalpaqlar jılına neshe mıń ásker jiberiwi kerek edi? 2000

14. Qayı qala temirshileriniń óndirgen ónimiXiywa xanlıǵında eń sapalı ónim bolǵan? Qońırat

15. Xojeli qalasında qansha sawda dúkanı bar? 150

**III. Jańa sabaq temasın túsindiriw.**

Sabaqtıń bul basqıshında oqıwshılarǵa jańa temanıń mazmunı tómendegi berilgen reje tiykarında jarıtıladı; (12 minut)

**Reje;**

- *Aydos biy "Biy baba" xizmetinde*
- *Aydosbıy basshılıǵındaǵı kóterilistiń kelip shıǵıw sebepleri*
- *Kóterilistiń nátiyjeleri hám jeńiliwi*

**Aydos biy** – Aral boyında jasawshı barlıq qaraqalpaqlardıń hákimi, Muhammed Amin inaq dáwirinde Xiywa xanlıǵınıń eń sadıq adamlarınan bolǵan. Al Muhammed Raximxan bolsa Aydos biyge altın sabaq penen tigilgen shapan, altın saplı pıshaq sıylıq etken hám óziniń jarlıǵı menen biy xizmetin bergen. Aydos biy haqqında kóplegen áńgime, gúrrińler, dástanlar aytılıp biziń kúnimizge shekem jetip kelgen. Sol dáwirde jasaǵan qaraqalpaq shayırları Berdaq, Ótesh shıǵarmalarında bul kóterilis haqqında hám onıń basshısı Aydos biy haqqında kóplegen tariyxıy maǵlıwmatlar saqlanǵan.

Bul kóterilis hám Aydos biy haqqında xalıq arasında hár qıylı tariyxıy pikirler qaldı. Geyparaları Aydostı maqtasa, geyparaaları Aydostı qaralaydı.

**Jańa tema mazmunı kórgizbeli tárizde Infogramma metodı arqalı tómendegishe túsindiriledi.**




**IV. Ótilgen temanı bekkemlew. (15 minut)**

Sabaqtıń bul basqıshında oqıwshılar úsh toparǵa bólinedi hám tómendegi shınıǵıwlar járdeminde taza tema mazmunın bekkemleymiz **"Kim tariyxshı bolıwdı qáleydi"** oyın texnalogıyasınan paydalanamız; (Bunda oqıwshılar tiyisli sorawlardı saylaydı hám juwap beredi)

| **Shaxs** | **5** | **10** | **15** | **20** |
|---|---|---|---|---|
| **Jıllar** | **5** | **10** | **15** | **20** |
| **Aymaq** | **5** | **10** | **15** | **20** |
| **Aralas** | **5** | **10** | **15** | **20** |

**Shaxs 5 ball:** Kimniń dáwirinde Aydos Xiywa xanlıǵınıń eń sadıq adamlarınan bolǵan? Muhammed Amin inaq

**10 ball:** Begis hám Mırjıq kimniń balları? Aydostıń aǵası Maybastıń balları

**15 ball:** Xiywa xanlıǵına qarsı qozǵalań kótergen aral qońiratlarınıń basshısı? Tóremurat suwpı

**20 ball:** Kóterilis shıqpastan aldın salıq jiynaw ushın Xiywadan kelgen kim? Gedeyniyaz mehrem

**Jıllar 5 ball:** Aydosbiy qozǵalańı neshinshi jılları boldı? 1827-1828-jıllar

**10 ball:** Aydos biy qashan óziniń ulların Qońırat qalasın shabıwılga jiberedi? 1827-jılı 29-iyul kúni

**15 ball:** Xiywa xanı qashan Aydos biy kóterilisi tuwralı maǵlıwmat aladı? 25-iyul

**20 ball:** Aydos biy qozǵalańı dáwirindegi Xiywa xanı neshinshi jıllar basqarǵan? Allaqulıxan 1825-1842-jıllar

**Aymaq: 5 ball:** Tóremurat suwpı qaysı qala hákimi? Qońırat qalası

**10 ball:** Aydos biy qayjerde kátquda hám biylerdi jıynap másláhat ótkeredi? Aral teńiziniń boyında Sarıatawda

**15 ball:** Qozǵalańdı bastırıwga kelgen xan áskerleri qayjerde lager qurıp jaylasadı? Xojelide

**20 ball:** Aydos biy áskerleri qayjerge barǵanda Xiywa áskerleri tárepinen qorshap alınǵan? Shirik Rabat

**Aralas: 5 ball:** Aydosqala házirde qayjerde jaylasqan? Taxtakópir rayonında

**10 ball:** Gedeyniyaz mehrem qayjerge kelgende qozǵalań haqqında xabardı esitken? Qıtay ruwı basshısı Bekpolat biydiń úyine

**15 ball:** Aydos biy Aral teńizi boyındaǵı qaysı qoyımshılıqta túnegen? Qabaqlı ata

**20 ball:** Quwanısh batır, Nepes hám Doshumqaralar qaysı ruwdan? Biri qoldawlı hám ekewi qándekli ruwınan

**V. Sabaqtı juwmaqlaw: (3 minut)**

-sabaqta nelerge erisilgenligi aytiladı.

-shınıǵıwlarda belsene qatnasqan oqıwshılar xoshametlenedi.

- xoshamet kartochkaların alǵan oqıwshılarǵa tiyisli bahaları qoyıladı.








**VI. Úyge tapsırma beriw: (2 minut)**

Tema sońında berilgen soraw hám tapsırmalar menen islesiw.
Berdaqtiń Aydos biy romanı mazmunı menen tanısıw

## 3-Úlgi sabaq islenbesi:

**Pán**: 9-klass Qaraqalpaqstan tariyxı

## §9. Gendimiya pitimi hám qaraqalpaqlardıń ekige bóliniwi

| | |
|---|---|
| **Sabaqtıń maqseti:** | ***a) bilimlendiriw:*** oqıwshılarga Patsha Rossiya tárepinen Aral boyı jerleriniń basıp alınıwınan keyingi jaǵdayı hám Gendimiya shártnaması haqqında maǵlıwmat beriw;<br>***b) tárbiyalılıǵı:*** Gendimiyan shártnası nátiyjesinde bir pútin eldiń ekige bóliniwi, azatlıq, erkinliktiń barlıq nárseden ústin ekenligin sińdiriw;<br>***c) rawajlandırıw:*** oqıwshılardıń oy-órisin keńeytiw, erkin pikirlewge, waqıyalardan durıs juwmaq shıǵarıw uqıplılıǵın rawajlandırıw; |
| **Oqıwshılarda qáliplesetuǵın tayanısh kompetenciyalar** | **1. Kommunikativ kompetenciya:**<br>—óz pikirin awızeki hám jazba túrde anıq hám túsinikli bayan ete alıw;<br>—temadan kelip shıǵıp sorawlardı durıs qoya alıw hám juwap beriw.<br>**2. Ózin-ózi rawajlandırıw kompetenciyası:** oqıwshılardı erkin túrde óz bilimlerin rawajlandırıp barıwın qáliplestiriw.<br>**3. Milliy hám ulıwma mádeniy kompetenciya:** Jáhán mámleketleriniń tariyxında bolıp ótken is-háreketlerden úlgi alıw qábiletin jetilistirip barıw. |
| **Pánge tiyisli tayanısh kompetenciyalar** | 1. Tariyxıy waqıyalıqtı túsiniw hám onı logikalıq izbe-izlikte túsindire alıw kompetenciyası;<br>2. Tariyxıy shaxslar haqqında maǵlıwmat bere alıw, tariyxiy sánelerde júz bergen waqıyalar haqqında maǵlıwmat bere alıw; |
| **Sabaqtıń túri:** | dástúriy emes |
| **Kórgizbe quralları:** | Súwretler, kartoshkalar, slaydlar, Qaraqalpaqstannıń siyasiy kartası, sabaqlıq. |
| **Sabaqta qollanılatuǵın metodlar:** | "Teksheme-tekshe", "Blic soraw-juwap". |
| **Waqtı:** | 45 minut |

**Sabaq waqtınıń bólistiriliwi**

| Q/s: | Sabaq barısı | Ajıratılǵan waqıt |
|---|---|---|
| 1. | Shólkemlestiriw | 3 minut |
| 2. | Ótilgen temalardı tákirarlaw | 10 min. |
| 3. | Taza tema | 10 min. |
| 4. | Bekkemlew | 15 min. |
| 5. | Sabaqtı juwmaqlaw | 5 min. |
| 6. | Úyge tapsırma beriw | 2 min. |

I. **Shólkemlestiriw (3 min.):** sálemlesiw, oqıwshılardıń sabaqqa qatnasın anıqlaw, dıqqattı sabaqqa qaratıw.

**II. Ótilgen temanı tákirarlaw (10 minut):** Ótilgen temanı soraw ushın qálewshi 5 oqıwshı taxtaǵa shıǵarıladı hám "Teksheme-tekshe" metodi arqalı olarǵa sorawlar beriledi.

**"Teksheme-tekshe" metodı**

| FINISH | FINISH | FINISH | FINISH | FINISH |
|---|---|---|---|---|
| 4 | 4 | 4 | 4 | 4 |
| 3 | 3 | 3 | 3 | 3 |
| 2 | 2 | 2 | 2 | 2 |
| 1 | 1 | 1 | 1 | 1 |
| **1 oqıwshı** | **2 oqıwshı** | **3 oqıwshı** | **4 oqıwshı** | **5 oqıwshı** |

**Sorawlar**

1. Qashan Túrkstan general-gubernatorlıǵı dúzildi? 1868-jılı
2. Muhammed Raximxan II niń basqarǵan jılları? 1864-1910-jıllar
3. Qashan Xiywa xanı Awǵanstan hám Hindstanǵa elshi jiberedi? 1872-jılı
4. 1872-jılı 15-fevralda kimniń basshılıǵında Kavkazǵa elshi jiberildi? Bas iyshan Muhammed Amin
5. 22-aprel kúni kimniń basshılıǵında Peterburgqa elshi jiberiledi? Bala Ernazar Qabıl ulı
6. Qashan rus áskerleri 4 topardan Xiywaǵa hújim basladı? 1873-jılı fevral
7. Kavkaz toparına kim basshılıq etti? Markozov

8. Xiywa qalasın basıp alıw ushın jolǵa shıqqan 12 mıńnan aslam áskerdiń qanshası jetip keledi? 7,5 mıń

9. 23-may kúni Kaufman qaysı qalanı basıp aladı? Xazarsp

10. Kim Kaufmannıń Xiywaǵa atlanısların jazıp qaldıradı? V.Tixmenov

11. Rus áskerleri kimniń basshılıǵında Qońirat qalasın basıp aladı? Verevkin

12. “Mıń yarım sheyit mazarı” qaysı qala menen bolǵan urısta aytıladı? Mańǵıt

13. Mańǵıt qalasınıń iyeleniwi haqqında kim jazip qaldırǵan? Muhammed Yusup Bayaniy

14. Kimler Kaufmannan Xiywa qalasın wayranlamawdı soraydı? Ataman tóre hám Matniyaz diywanbegi

15. Qashan Xiywa qalası basıp alındı? 29-may kúni

16. Golovashev basshılıǵında Túrkstan toparı quramı qansha ásker edi? 4600

17. Bala Ernazar basqarǵan elshiler toparınıń qanshası qaraqalpaq bolǵan? 20

18. Habibniyaz biy qaysı qala qoǵawında qatnasqan? Qońırat qalası

19. Verevkin Qonırat qalasınan soń qaysı qalanı basıp aladı? Xojeli

20. Markozov basshılıǵındaǵı Kavkaz toparı quramı qansha ásker edi? 4300

**II. Taza tema (10 min):** Jańa temanıń mazmunı awız eki gúrriń formasın kórgizbelin qural hám prezentaciyadan paydalangan halda túsindiriledi, Tómedegi karta arqalı Gendimiya pitiminen soń Xiywa xanlıǵı aymaǵınıń ózgerislerin oqıwshılarǵa túsindiremiz.



## “Jeńiske qaray alǵa” metodı



Qálewshi 2 oqıwshı taqtaǵa shıǵadı. Olar járdemshi minaralardan shıǵıp, tiykarǵı minaradaǵı bayraqtı alıp qaytıwı kerek. Bunıń ushın 5 sorawǵa durıs juwap qaytarıwı kerek. Muǵallim sorawdı oqıp bolǵannan keyin birinshi bolıp qol kótergen oqıwshı juwap qaytarıw huqıqın qolǵa kirgizedi. Eger juwap bere almasa ekinshi oqıwshı juwap beredi. Mánzilge birinshi bolıp jetip barǵan oqıwshı bayraqtı alǵan boladı hám xoshametlew qaǵazı menen sıylıqlanadı.

### Oqıwshılarǵa beriletuǵın sorawlar

1. Qashan Kaufman talabı menen xan Gendimiyanǵa keledi? 1873-jılı 2-iyun
2. Qashan Xiywa xanı Kaufman menen birge waqıtsha rejege qol qoyadı? 1873-jılı 6-iyun
3. Tariyxta Gendimiya pitimi dep atalǵan pitimge qashan qol qoyıldı? 1873-jılı
4. Gendimiya pitimi neshe bántten ibarat? 18 bánt
5. Pitimniń neshinshi bántleri qaraqalpaqlar ushın oǵada awır keldi? 2-3-bántleri
6. Pitim dúzilgenge shekem xanlıqta qansha qul bar edi? 40 mıńǵa shamalas
7. Xiywa xanı qansha kontribuciya tólewi kerek edi? 2 mln 200 mıń manat
8. Kontribuciya tólew múddeti qashanǵa shekem sozıladı? 1901-jılı noyabr
9. Kim qaraqalpaqlardıń atınan 6 biydi basqarıp elshi bolıp baradı? Erejep Aǵa biy
10. Erejep aǵabiydiń súwreti kim tárepinen túsirilgen? Krivcov

## **“Bilc soraw” metodı**




| Nómerler taqtaǵa jazıladı. Oqıtıwshı bir oqıwshını saylaydı. Saylanǵan oqıwshı nómer tańlaydı hám sol nómer artındaǵı soraw oqıladı. | |
|---|---|
| 1. Pitimniń neshinshi bánti Xiywa hám rus sáwdagerleri arasındaǵı óz-ara kelisimge arnalǵan? | 13-bánti |
| 2. Neshinshi bánt qulshılıq xanlıqta mángige saplastırılǵanın járiyalaydı? | 17-bánti |
| 3. Qaysı bántke kóre oń jaǵalıqtaǵı jerlerdiń bir bólimin Buxaraga beriwdi názerde tutqan? | 4-bánti |
| 4. Qaysı bántte rus sawdagerleriniń 5 % zakattan, bajı tólewden hám basqa salıqlardan azat etilgeni aytılǵan? | 8,9 hám 11-bántler |
| 5. Qaysı bánt ruslarǵa xanlıqtan qozǵalmaytuǵın múlik satıp alıw huqıqın berdi? | 12-bánt |
| 6. Xiywa kontribuciyanı neshe jıl múddette tólewi kerek edi? | 20 jıl |
| 7. “Gendimiya pitiminiń 2 hám 3-bántlerinde ne aytılǵan? | Qaraqalpaqlar jerleriniń ekige bóliniwi |
| 8. 16-bánt boyınsha? | Rossiyadan hár túrli sebepler menen qashıp kelgenlerdi qabıl etpewge minnetli boldı |
| 9. Gendimiya pitimi qashan imzalandı? | 1873-jılı 12-avgustta |

**V. Sabaqtı juwmaqlaw: (5 minut)**

1) Oqıtıwshı oqıwshılardıń berilgen sorawlarǵa aytqan juwapların bahalaydı;

2) Jańa tema boyınsha payda bolǵan sorawlarǵa juwap beredi;

**VI. Úyge tapsırma beriw: (2 minut)**

Tema sońında berilgen soraw hám tapsırmalar menen islesiw. Ótilgen tema mazmunı menen oqıp tanısıw.

## JUWMAQLAW

Ǵárezsizlik jılları, jámiyetshiliktiń, ásirese jaslardıń óz xalqınıń tariyxın tereń biliwge qızıǵıwshılıǵı arttı. Sonıń ushın da birinshi Prezidentimiz I.A.Karimov «Axborot kommunikaciya texnologiyaları, matematika, fizika, ximiya, óndiris, menejment– bulardıń hámmesi kerek, álbette, biraq tariyxtı biliw bul - turmıslıq zárúrlik. Turmıstı biliw biz qaysı ásirde jasap atırǵanımızdı ańlaw, bul hámmemizdiń minnetimiz. Yaǵnıy turmıstan ayaǵı úzilgen, real waqiyalardan uzaqlasqan adam hesh qashan óz maqsetlerine erise almaydı»[45] degen edi.

Ǵárezsizlikti qolǵa kirgizgennen soń watanımız tariyxı jańa basqıshtı basladı. Házirgi waqıtta jámiyettegi ruwxıy baylıǵımız, milliy abıroyımızdıń ósiwi, tariyxıy esteliklerimizdiń, xalqımızdıń obiektiv hám haqıyqıy tariyxınıń qayta tikleniwi, ana watanımız hám de mámleketimiz tariyxınıń qayta tikleniwi úlken siyasiy áhmiyetke iye. «Ózbekstannıń jańa tariyxı» hám «Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı» miynetleri bunıń ayqın mısalı bola aladı. Demek biz ótmishti tiklew, tariyxıy haqıyqatlıqtı ańlaw arqalı óz ruwxıy sanamızdı bayıtamız hám jámiyetti jańalaymız.

XX ásir hám XXI ásir birinshi on jıllıǵında Qaraqalpaqstan tariyxnaması úlken jetiskenliklerge eristi. Olardan:

- Birinshiden milliy professional tariyxshı kadrlar – ilim doktorları, ilim kandidatları (1995-2010-jılları Ózbekstan Respublikası Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi tariyx, arxeologiya hám etnografiya institut janında ashılǵan qánigelestirilgen Keńeste 55 kandidatlıq dissertatsiya jumısları qorǵaldı. Watan tariyxı boyınsha – 41; arxeologiya boyınsha – 7; etnologiya boyınsha – 7 kandidatlıq dissertatsiyaları jaqlandı) jetisip shıqtı;
- Ekinshiden, 2003-jılı baspadan shıqqan «Qaraqalpaqstan jańa tariyxı» tariyxshılarımızdıń sońǵı on jıllıqlardaǵı eń iri jetiskenligi bolıp tabıladı.

---

[45] Karimov I.A. Ona yurtimiz baxtu iqboli va buyuk kelajagi yo’lida xizmat qilish – eng oily saodatdir. Toshkent - «O’zbekiston» - 2015 110-bet

- Úshinshiden, 1995-2010-jılları Ózbekstan Respublikası Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi tariyx, arxeologiya hám etnografiya institut janında ashılǵan qánigelestirilgen Keńeste 55 kandidatlıq dissertatsiya jumısları qorǵaldı. Watan tariyxı boyınsha – 41; arxeologiya boyınsha – 7; etnologiya boyınsha – 7 kandidatlıq dissertatsiyaları jaqlandı.
- Tórtinshiden, ulıwma orta bilim beriw mektepleri ushın qaraqalpaqstan tariyxi sabaqlıqları qaytadan baspadan shıǵarıldı. 2018-jılı 5-klass qaraqalpaqstan tariyxı 11329 dana, 2019-jılı 6-klass qaraqalpaqstan tariyxı 10082 dana, 2018-jılı 7-klass qaraqalpaqstan tariyxı 9708 dana, 2018-jılı 8-klass qaraqalpaqstan tariyxı 10320 dana hám 2018-jılı 9-klass qaraqalpaqstan tariyxı 9301 nusqada qaytadan basıp shıǵarildı. Bul sabaqlıqlar aldıńǵı jıllari basıp shıǵarılǵan danasınan 2-3 ese kóp nusqada basıp shıǵarılıwı;
- Besinshiden, Ǵárezsizlik jıllarında Tarıyx pánin oqıtıw metodikası boyınsha kóplegen ilmiy-metodikalıq ádebiyatlar baspadan shiǵip, ámeliyatta keń túrde paydalanıldı. Solardan Karamanova G. Tarıyxtı oqıtıw metodikası, Kudyarova T. Akimniyazova G. Tarıyx oqıtıwda texnologiyalar hám proektlestiriw oqıw qollanbalarda oqıtıwdıń eń jana usılları hám metodlar berilgen.

Tilekke qarsı bul jetiskenliklerimiz benen bir qatar kemshilikler, sheshiliwi zárúr wazıypalar da aldımızda turıptı:

- Qaraqalpaqstan tariyxınıń ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde oqıtılıwın jánede jedellestiriw, sonday-aq oqitiwshılar ushın oqıwshılarǵa anıq bilim hám kónlikpelerdi qáliplestire alıwında paydalanatuǵın oqıw metodikalıq qollanbalar hám de xrestomatiyalardıń joqlıǵı;
- 2019-2020-oqıw jılına 10-11-klass qaraqalpaqstan tariyxınıń baspadan shıǵarılıwın tariyxshılarımız aldına aktual mashqala sıpatında qoyıw;

- Qaraqalpaqstan tariyxı sabaqlıqları boyınsha atlas kartalar, súwretli kórgizbe qurallar, audio hám viziual jazıwlardıń joqlıǵı hám olardı jaratıw maselesin úyrenip shıǵıw;

Sonday-aq tariyx pánlerinen sabaq beriw barısında paydalanıw ushın tómendegilerge dıqqattı awdarıw kerek:

- muǵallimniń oqıw materialları imkaniyatlarınan tolıq paydalanıwı.

- hár bir temanıń bilimlendiriw hám tárbiyalıq imkaniyatların ashıp beriwi.

- Jeke, jup bolıp, hám toparlarǵa bólinip islewdi qalay shólkemlestiriwdi aldın- ala rejelestiriw.

- belgili maqset tıykarında oqıwshılardıń aqılıy rawajlanıwı, dúńyaǵa kóz-qarasların keńeytiwge imkaniyat jaratıw.

- materiallardi úyreniwge onıń basındaǵı bóliminde temaǵa qızıǵıwshılıq oyatıw.

- oqıwshılardıń juwapların táriyplew, zárúr bolsa onı tolıqtırıw.

- ornı kelgende mashqalalı sorawlar qoyıw arqalı oqıwshılarda temanı úyreniw hám izleniwshilikke baǵdar berip biliw.

- oqıw, úyreniw, talıqlaw ushın temalardı usınıs etiw.

- oqıwshılardıń óz betinshe islewi ushın sharayat qáliplestiriw arqalı úyreniletuǵın tema menen baylanıslı mashqalalarǵa óziniń múnásebetlerin bildiriw.

Juwmaqlap aytqanda, tálimniń joqarı sıpatın hámde mámlekette ámelge asırılatuǵın tereń social reformalar, rawajlanǵan demokratik mámleket qurıw talaplarına juwap beriwshi kadrlar tayarlanıwın táminlew maqsetinde, ulıwma tálim pánlerin oqıtıwdıń principial jańa metodologiyası sıpatında kompetenciyaliq jantasıwǵa tiykarlanǵan mámleket tálim standartlarına say, oqıw metodik qollanbaların islep shıǵıw hám engiziwdi talap etedi.

## Ádebiyatlar


**I. Ózbekistan Respublikasınıń qabıl qılınǵan nızamlar hám qararlar**

1.1996-jıldıń 16-dekabrde Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń «Ózbekstannıń jańa tariyxın tayarlaw hám baspadan shıǵarıw haqqında» 445-sanlı qararı;

2.1997-jıldıń 24-fevralda Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 45/2-sanlı «Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxın tayarlaw hám baspadan shıǵarıw haqqında» qararı;

3. "Ta'lim tuǵrisida"gi Ózbekiston Respublikasi qonuni va Kadrlar tayyorlash Milliy Dasturi. 1997 y. 29 avgust

4. Tarix (O'zbekiston tarixi va Jahon tarixi) o'quv fanidan Davlat ta'lim standarti. Toshkent – 2006

5. Tarix fanidan umumiy o'rta ta'limning Davlat ta'lim standarti va oquv dasturlari// tarix.zn.uz/

6. 2017- jıldıń 20-aprelde Ózbekstan Respublikası PQ-2909 sanli «Joqari bilimlendiriw sistemasin bunnan bilay da rawajlandiriw ilajlari haqqinda»;

**II. Ózbekstan Respublikası Prezidenti shıǵarmaları**

1. Mirziyoev, Shavkat Miromonovich. Erkin va farovon, demokratik Ozbekiston davlatini birgalikda barpo etamiz. Ózbekiston Respublikasi Prezidenti lavozimiga kirishish tantanali marosimiga baǵishlangan Oliy Majlis palatalarining qwshma majlisidagi nutq / Sh.M. Mirziyoev. – Toshkent : Ózbekiston, 2016.

2. Mirziyoev, Shavkat Miromonovich. Tanqidiy tahlil, qat'iy tartib-intizom va shaxsiy javobgarlik – hár bir rahbar faoliyatining kundalik qoidasi bolishi kerak. Mamlakatimizni 2016 yilda ijtimoiy-iqtisodiy rivojlantirishning asosiy yakunlari va 2017 yilga muljallangan iqtisodiy dasturning eng muhim ustuvor yunalishlariga baǵishlangan Vazirlar Mahkamasining kengaytirilgan majlisidagi ma'ruza, 2017 yil 14 yanvar / Sh.M. Mirziyoev. – Toshkent : Ózbekiston, 2017.

3. Mirziyoev, Shavkat Miromonovich. Qonun ustuvorligi va inson manfaatlarini ta’minlash – yurt taraqqiyoti va xalq farovonligining garovi. Ózbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi qabul qilinganining 24 yilligiga bağishlangan tantanali marosimdagi ma’ruza. 2016 yil 7 dekabr /Sh.M.Mirziyoev. – Toshkent: “Ózbekiston”, 2017.

4. Mirziyoev, Shavkat Miromonovich.Buyuk kelajagimizni mard va olijanob xalqimiz bilan birga quramiz. Mazkur kitobdan Ózbekiston Respublikasi Prezidenti Shavkat Mirziyoevning 2016 yil 1 noyabrdan 24 noyabrga qadar Qoraqalpoğiston Respublikasi, viloyatlar va Toshkent shahri saylovchilari vakillari bilan otkazilgan saylovoldi uchrashuvlarida so’zlagan nutqlari urin olgan. /Sh.M.Mirziyoev. – Toshkent: “Ózbekiston”, 2017.

**III. I.A.Karimovtiń shıǵarmaları**

1.Karimov I. A. Tarixiy xotirasiz kelajak yoq. Tashkent, 1998.

2.Karimov I.A. Joqarı mánáwiyat – jeńilmes kúsh. Tashkent, 2008.

3.Karimov I.A. Ona yurtimiz baxtu ikboli va buyuk kelajagi yulida xizmat kilish – eng oliy saodatdir. – Toshkent: Ózbekiston, 2015.

**IV. Arnawlı ádebiyatlar**

1. Ózbekiston Yangi tarixi. 1-3 kitob. Toshkent: Shárq, 2000;

2.Kamalov S.K. Qaraqalpaqlardıń xalıq bolıp qáliplesiwi hám onıń mámleketligi tariyxınan. Nókis, 2001.

3.Kamalov S.K., Qoshanov B.A. Проблемы истории XX // Vestnik KKOANRUz. 1996, № 2, s. 79-81.

4. Kamalov S.K., Sarıbaev K., Karlıbaev M., Sarıbaev M. Qaraqalpaqstan tariyxı. Akademiyalık litsey hám kásip-óner kolledjleri ushın sabaqlıq. - Nókis Bilim, 2005.

5. Seytimbetov M. Tariyx — ózligimizdi ańlawdıń negizi. Nókis, 1999.

6. Qarakalpaqstannıń jańa tariyxı. Qaraqalpaqstan XIX ásirdin ekinshi yarımınan XXI ásir basına shekem. Nokis, Qaraqalpaqstan, 2003

7. Ózbekistonning eng yangi tarixini urganishning nazariy metodologik asoslari  Respublika ilmiy-amaliy konferensiyasi materiallari. 14 may 2016 yil. Qarshi davlat universiteti. Qarshi, 2016

8. Qoshanov B.A. Qaraqalpaqstan tariyxnaması. Eń jańa dáwir. Nókis: Bilim, 2016

9. Кощанов Б.А., Аметов Т.А. Очерки новейшей истории Республики Каракалпакстан. Нукус: Каракалпакстан, 2015

10. Qoshanov B.A., Ametov T.A. Islom Karimovning asarlari Qoraqalpoǵiston eng yangi tarixi bwyicha muhim tarixiy manba // «Tarixiy manbashunoslik, tarixnavislik, tarix tadqiqoti metodlari va metodologiyasining dolzarb masalalari» ilmiy-nazariy konf. Toshkent davlat shárqshunoslik instituti Toshkent, 2016. Toshkent, 2015 30 aprel. 106-110 bet;

11. Bazarbaev J. Milliy ideya – jol kórsetiwshi juldız. - Nókis: Qaraqalpaqstan, 2011

12. Abdullaeva Ya.A. Qoraqalpog'iston xotin-qizlari: Kecha va bugun. XIX asrning oxiri va XX asr. – Toshkent: Ijod dunyosi, 2004

13.Уразбаева Р.Дж. История образования в Каракалпакстане (последняя четверть XIX – начало XXI вв.) Ташкент, 2011

14.Сарыбаев А.К. Хлопкоочистительная и текстильная промышленность Каракалпакстана в 1980-1995 гг.: исторический опыт и проблемы возрождения национальной промышленности. –Ташкент,2008

15. Дехкамбаева З.А. Научно-методические основы разработки стандартов среднего специального, профессионального образования. Автореферат дис. канд.пед.наук. Ташкент, 2004

16. Rajabov Q., Qandov B., Rajabova S. Ózbekiston tarixining muhim sanalari (Qadimgi davrlardan bugungi kungacha). Toldirilgan va qayta ishlangan 6-nashri. – T.: Ózbekiston, 2015.

17. Xolmuxamedov M.M., Goleva G.F., Abdullaev A.H. va boshkalar. Urta maxsus, kasb-hunar ta’limi Davlat ta’lim standartlari (uslubiy qollanma) Samarqand – 2005

18. A’zamov A.A., Musurmanov O.L., Dehqonboev B.N. Davlat ta’lim standartlari. 1 qism. Toshkent, 1998.

19. A’zamov A.A., Musurmanov O.L., Dehqonboev B.N. Davlat ta’lim standartlari. 2 qism. Toshkent, 1999.

20.Husanov J.H., Musurmanov O.L., Goleva G.F. Metodik qollanma. Toshkent, 2002.

21.Optimallashtirilgan tarix (160 soat) fanidan akademik litsey va kasb-hunar kollejlari uchun oquv dasturi. Toshkent-2010

22.Usmonov Q. Ózbekiston tarixi. Milliy istiqlol davri. Akademik litsey va kasb-hunar kolejlari uchun. -T.:, Oqituvchi, 2003.

23.Сабиров А. В чем особенность новейшей истории Узбекистана?// [Elektronnıy resurs].

## V. Gazeta-jurnal derekleri

1. Kamalov S.K. Qaraqalpaqstan tariyxına kirgiziletugın geypara ózgerisler haqqında //Erkin Qaraqalpaqstan,1995, 25 yanvar

2. Erkin Qaraqalpakqtan 11-aprel 2015-j. №30 (18018)

3. Erkin Qaraqalpaqstan 20-avgust 2011-j

## VI. Internet saytları

1. www.ziyonet.uz
2. www.tarix.uz
3. www.edu.uz